ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№178 (22.836) • 2014 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 4, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Урысей Федерацэм и шынагъэншагъэр къызэгъэпэщын мурадкІэ экономикэ Іэхуэгъуэ зхэхэм ящыщкэр къэгъэсэбэпыным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2014 гъэм шыщхьэІум и 6-м къыдигъэкІа указ №560-р уасэхэм зэрызахъуэжьымрэ хьэпшыпу щы-Іэхэмрэ япыщІа Іэхуэхэр дэгъэкІыным хуэгъэзауэ гъэзэщІэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж ерыскъыпхьэхэм я рынкым и щытыкІэм кІэлъыплъынымрэ абы хиубыдэу къэхъу зэхъуэкІыныгъэхэм яхуэфащэ Іэхуэхэр гъэзэщІэныкІэ оперативнэ штаб къызэгъэпэщын мы къыкІэлъыкІуэхэр хэту:

**Унаев К. Хь-М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іуэм и япэ къуэдзэр *(оперативнэ штабым и унафэщІ)*

**Кладько И. Е.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министрыр *(оперативнэ штабым и унафэщым и къуэдзэщ)*

**Щыхьмырзэ М. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр *(оперативнэ штабым и унафэщым и къуэдзэщ)*

**АфІэунэ А. Хь.** - «Алина» («Оазис» сату центр) жэуап зэхэгъэщхэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

**Ахъуэхъу Къ. М.** - Шоджэм муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Бэждыгъу Т. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр

**Бэшорэ А. Т.** - «Велес-Агро» жэуап зэхэгъэщхэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

**Бердюжэ В. И.** - «Ленинцы» мэкъумэш кооперативым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Бирюк А. А.** - Прохладнэ къалэ округым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Говоров С. А.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Джатэ Р. Хь.** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Кебеков В. С.** -Лэскэн муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Кислицын А. Н.** - Май муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Къуэдзокъуэ М. М.** - Налшык къалэм и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Куэшей А. Дж.** - Аруан муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Малкаров А. А.** - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Муртазов Б. С.** - Шэрдж муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Пэнагуэ М. А.** - Тэрч муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Парсаданов С. А.** - «Караван» жэуап зэхэгъэщхэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм сатумкІэ и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Пщышэ Къ. Хь.** - Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъушІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Сыжажэ Хь. Л.** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Тетуев И. М.** - «ТИАЗ-«Кенгуру» сату центр» жэуап зэхэгъэщхэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

**Хьэщакъ С. Хь.** - Бахъсэн къалэ округым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

**ЩІэнкІауэ В. Л.** - «Тандер» акционер зэгухьэныгъэ зэхуэщІам и Прохладнэ Іуэхущапіэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

**Шыбзыхъуэ М. Б.** - «Дене» («Дея» сату-нэгузегъэужьыпІэ центр) жэуап зэхэгъэщхэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

**Якубов Ш. Ш.** - «Налшык гъэш комбинат» жэуап зэхэгъэщхэхукІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуауэ)*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм шыщхьэІум и 18-м*
*№96-РГ*

## КІуэкІуэ Юрий «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Верещагин Сергей щыхуэзам зэпкърахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым туристрекреацэ экономикэ щІыналъэ хэхам зыщегъэужьынымкІэ зэщІыгъуу зэфІагъэкІахэм кърикІуахэр

**Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий «КъБР-м и Правительствэм и Унэм «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и генеральнэ директор Верещагин Сергей щригъэблэгъам тепсэлъыхьахэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэлыкъуэ, Шэрдэж, Щаджэм, Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэм я щІыналъэхэм турист-рекреацэ экономикэ щІыналъэ хэха къыщыдзэгъэпэщыным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм къарикІуахэм, щІым и кадастрымкІэ Іуэхугъуэхэр Іуащхьэмахуэ аІупэ щызэфІэгъэкІынымкІэ лэжьыпхъэхэр.**

«Къэбэрдей-Балъкъэрым,-къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий, - и щІыналъэр туризмэмрэ альпинизмэмрэ зыщегъэужьыным и мызакъуэу, санаторэ-курорт комплексхэр къызэгъэпэщынми хуэщІащ. Зэгуэр республикэр абы и лъэныкъуэкІэ къэралым щыцІэрыІуэу щытащ».

ЗэІуцІэм кърикІуахэм япкъ иткІэ КъБР-м и Правительствэм къалэн зыбжанэ пщэрылъэ щащІащ къауэ къалэнхэр псынщІэу гъэзэщІа хъун папщІэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам нэхъ быдэу пыщІауэ лэжьэныкІэ.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

## КІуэкІуэ Юрий яІущІащ КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІхэмрэ республикэм и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іэтащхьэхэмрэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъэув ІэнатІэм щыщІэну хэхыныгъэхэр жылагъуэ-политикэ Іуэхугъуэ ину икІи жэуапльныгъэшхуэ зыпылъу зэрыщытыр къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий къызэхуэсахэм защыхуигъазэм. Абы къыхэкІыу хабзэм тету, зэІухауэ, щІыхухэм хэхыныгъэкІэ яІэ куитыныгъэхэр зэхуэдэу ІэІэтыр егъэкІуэкІыпхъэщ.**

ПСОМ хуэмыдэу гулъытэ хэха хуэщІын хуейщ зи узыншагъэм ныкъуканыгъэ иІэхэм. Апхуэдэ щІыхухэм нэхъ набдзэгубдзапльэу яхущытыну, я фІэфІынигъэр кьагъэльэгъуэн папщІэ Іэмалхэр къанэ щымыІэу къыхузэрагъэпэщыну КІуэкІуэ Юрий къыхуриджащ.

«Іэ щаІэт махуэ хэхар зэщІэкъуауэ икІи хуэфэщэну екІуэкІын хуейщ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэм.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

● Дыгъуасэ

## ЩІэпхъаджагъэм и бийхэр

2004 гъэм Беслъэн гуэзвэзгъуэр дыгъуасэ ягу кьагъэкІыжащ. ЩІэпхъаджащІэхэм зэрахьа лейр зэманым хуэгъэтхІуакъым, илъэсипщІкІэ кьепса дыгъэм гуауэр зылъэІэсахэм я гур хуэгъэхуэбэжакъым. Быныи уеуэм, анэм утохуэ. Дуней псор зэщІэзыгъэзджьыджа гуауэм зи бын, благъэ хэкІуэдахэм я закъуэкъым щыгъуэр, атІэ гущІэгъу зиІэ псоми я щыгъуэ махуэщ ар.

Илъэс кьэси хуэдэу, мы гъэми ди республикэм щыхуэщІагъуащ а гуауэр зылъэІэсахэм. Гуауэр зыдэбгъэшІэ, нэхъ щэчыгъуафІэщ. ЩІэпхъаджагъэм ебэныным хуэгъэпса Іуэхугъуэхэм хэту Льэпкъ библиотекэм «Сэ терроризмэм срибийщ» гъэлъэгъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІащ, терроризмэм и Іэ щІыІэр зылъэІэсахэр ягу кьагъэкІыжащ.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и хэхэр комитетымрэ КъБКъУ-м и Студентхэм я зэгухьэныгъэмрэ зэгъуэсэу къызэрагъэпэщри университет бжэІупэм щІэпхъаджагъэм пэщІэтыным кьыхуезыдкІэ дамыгъэхэр зытет джанэхэмрэ блокнотхэмрэ щагуэшащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтыр* **Толгуров Камал** *трихащ.*

● Бахъсэн щІыналъэ

## «Урысей удзыфэ»

**Дыкъзэзыуъуреихь дунейр хъумэным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ «Урысей удзыфэ» кьэралпсо экологие щІыхьэхэм Бахъсэн районым щыщ цІыху 2600-м щІигъу хэтащ.**

ПХЪЭНКИЙМРЭ кІэрыхубжьэрыхухэмрэ зэхуэхьэсыным хуэгъэза лэжьыгъэ щхьэпэ кьуажэ псоми щекІуэкІащ. Гулъытэ хэха хуащІащ псы ежэхэм я ныджэхэр, мэз гуэрэнхэр, ІуэхущІапІэ зэмылЭужьыгъуэхэм егъэщІылІа Іэгъуэблагъэхэр зэлъаІуухыным. Абыхэм псори зэхэту кІэрыхубжьэрыхурэ пхъэнкІийуэ тонн 250-м щІигъу щызэщІакъуащ.

Бахъсэн райадминистрацэм и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэ Шыбзыхъуэ Заур къызэрыхигъэщамкІэ, ирагъэкІуэкІа Іуэхугъуэхэм щІыналъэр зэрыхуэныкъуэр нэрылъагъущ. «Районым щыпсэу цІыху псоми я зэфІэкІ зэщІэдгъэгъуэкІэрэ, дэ тхуэзэфІэкІынущ, кьабгъэгъэ щытепщэрэ зэщІэкъуа тепльэ иІэу, дыщалъхуа куейр зетхьэн, дыкъзэзухъуреихь дунейр хъумэным хэлъхьэныгъэфІ хуэтщІын», - жиІащ щы-

**АБАЗЭ Лерэ.**



● Іуэху щхьэпэ

## Къэрал Думэм къыщыхалъхьэн папщІэ

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм АПК-мрэ кьуажэ щІыпІэхэмрэ зегъэужьыныкІэ и комиссэм Мэхьэчкъалэ къыщызэрифІэнэщащ «Жызымырэ шагъырымрэ я ІуэхукІэ» федеральнэ законым дытопсэльхьхь» зыфІаща зэІуцІэ. Ди республикэм къыбгъэдэкІыу абы хэтащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Нэхуц Заурбий, «ЗЭТ» концерным и Іэтащхьэ Ерчэн Тембулэт, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жызымеиГъэкІэхэмрэ и шагъырыщІхэмрэ я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Шамсиев Нариман сымэ.

ЗэІуцІэр иригъэкІуэкІащ Дагъыстэным и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Гамзатов Гамзат. Апхуэдэу зэхьхьэм хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Гаджиев Мурад, Дагъыстэн Республикэм и вице-премьер Шарипов Шарип, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и дэІэпыкъуэгъу Кайшев Владимир, къэралым и ЖызымеиГъэкІэмрэ шагъырыщІхэмрэ я зэгухьэныгъэм и президент Попович Леонид, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Волков Андрей сымэ. ПСоми зэдзэрэзыуэ кьыхагъэщащ мы Іуэхугъуэм теухуа закон щыІэн зэрыхуейр икІи Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм чэнджэщ ираташ УФ-м и Правительствэм щыхэпІуэу Къэрал Думэм къыщыхалъхьэн щхьэкІэ, жызымеиГъэкІэмрэ шагъырыщІхэмрэ я зэгухьэныгъэм щІигъуу, абы икІэщІыпІэкІэ елэжьыжьыну.

*КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-ІуэхущІапІэ.*

## Къэрал Іэтащхьэхэр зопсалъэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъуасэ телефонкІэ епсэлъащ Украинэм и Іэтащхьэ Порошенкэ Пётр.**

Украинэм и къуэкІыпІэ щІыналъэм щекІуэкІ зауэр гъэуэгІэным сэбэн хуэхъуну къалъытэ Іэмалхэм тепсэлъыхьащ къэралитІым я унафэщІхэр. НаІуэ зыкъэрыхъуамкІэ, Донбасс щытыкІэ гугъуэм къикІыным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэмкІэ абыхэм я Іуэху еплъыкІэхэр зэтохуэ.

Мамыр зэхущытыкІэхэр зэтеувэжьным хуэунэтІа лъэбакъуэхэр ячын хуейщ зэпэщІэува лъэныкъуитІми. ЦІыхубэм насыпышагъэшхуэ кьахудэкІуащ а зауэм, кьащыщІар зым адрейм хуагъэгъуным кьаруушхуэ текІуэдэнущ, ауэ лъэныкъыр зэгъэкІуэжным теухуа Іуэхухэм икІэщІыпІэкІэ яужь ихьэн хуейщ. Ялъ ящІэжьным яужь ихьэмэ, щытыкІэр нэхъри гугъу хъунущ. Апхуэдэ къэныгъэхэхуэнырщ къэрал унафэщІхэр нэхъ тегъэчыныхьауэ зытепсэлъыхьар.

Іэтащхьэхэм и гугъу ящІащ Украинэм бэлыхь щыхэуа цІыхухэм защІэгъэкъуэным теухуа Іуэхухэмэ. Урысейр абыкІэ иджыри дэІэпыкъуэгъу зэрыхъуфынур жиІащ Путиным.

## Балтие къэралхэр яхъумэн щхьэусыгъуэкІэ

**США-м и президент Обамэ Барак Эстонием щыІащ. Ар яІущІащ Латвием, Литвам, Эстонием я унафэщІхэм.**

Зытепсэлъыхьахэм ящыщщ Эстонием и дзэтенджызэ базэм США-м и ракетэхэр, зэрызагъасэ кхъухьльатэхэр, нэгъуэщІ Іэщэ лъэщхэр щыгъуэ-вынырщ. Балтием и къэралхэр теІэпхъэ кхъэзыщІынкІэ хъунухэм ящихьумэн мурадкІэщ США-м и дзэ гупхэр а щІыналъэм щІигъэкІуэнур. Щынагъуэ кьызыпкърыкІынкІэ хъунур хэтми, апхуэдэ унафэ кьащтэным тетъэщІапІэ хуэхъуащ Украинэм щекІуэкІ зауэр арауэ зэрыщытри ябзыщІакъым.

«НАТО-м кьыддыхэт къэралхэм сыт щыгъуи дакьыщхьэщыжьынущ дэ. Ди Іэщэхэр щыбгъэувыну нэхъыфІу кьэтлъытэр Эстонием и дзэ-тенджызэ баэрщ», - жиІащ Обамэ Барак.

Зи гугъу ящІыр нэхъапэм советыдэхэм я кхъухьльатэхэм я базэу щыта Эмарищ, Таллинн пэмыжьжьэу щыІэрщ.

## Мы махуэхэм

ФокІадэм и 4, *махуэку*

♦1775 гъэм Фальконе Этьен Морис и проекткІэ гъэжьын щІадзащ Пётр Езанэм и фэепльэ «ГъуапІэ щууейр».

♦ФокІадэм и 4 - 5-хэм Уэльс (Инджыльиз) щызэхэтынущ НАТО-м хэт къэралхэм я лЫкІуэхэм я зэхуэсышхуэр.

♦Актрисэ цІэрыІуэ, УФ-м и цЫхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Ургант Нинэ** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Кӯржым и президент **Мартвелашвили Георгий** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, жэщым уэшх кьыщещхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 22-рэ щыхъунущ.

ФокІадэм и 5, *мэрем*

♦**Псапэ щІэным и дунейпсо махуэщ**

♦1936 гъэм Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутІыпщащ.

♦1991 гъэм Латвиер, Литвар, Эстониер къэрал щхьэхуэу кьалытащ.

♦Урыс тхакІуэ **Толстой Алексей** къызэралъхуэрэ илъэси 197-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, композитор, пшынауэ, уэрэджьІакІуэ, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Кьэжар Индрис** къызэралъхуэрэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я энергетик **Кьущхьэ Мухьэжид** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх кьыщещхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 22-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

● Аруан щІыналъэ

## ІэнатІэщІэ яухуэ

**Старэ Шэрэдж кьуажэм щахуэ фельдшер-акушер Іэнатіэщіэ.**

Ухуэныгъэхэр кьезыхьэлІэ «Къэббалъкъгражданстрой» компаниемрэ и унафэщІ Бэрджыдэ Мухьэмэд щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, Іуэхур псынщІэу зэфІагъэкІ. ФАП-м и уухуэныгъэр бжьыхьэ хуэкІуэу кьызэрахьэжььами емылъытауэ, тхьэмахуи 3 пІалъэм зэфІагъэкІыну я мурадщ. Апхуэдиз зэманщ текІуэдэнур полистеролбетонкьщІагъэсэбэп иджыпей технологием тету яубла ухуэныгъэм. Мы зэманым ирихьэлІэу блынкэр зэтралъхьащ, адэкІэ унащхьэр яІэтынущ.

Метр зэбгъуэнатІэ 99-рэ хъу медицинэ ІэнатІэм и уухуэным мелуани 3 текІуэдэнущ.

**ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.**

## Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьэм гу зылъатапхъэ

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Іуэхущапіэм и къудамэу КъБР-м щыІэм фокІадэм и 1-м щегъэжьауэ Іэ трырегьадзэ дызыхуэкІуэ илъэсым и япэ мазихым къагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ. А лэжьыгъэр пощтым и Іуэхущапіэ псоми щокІуэкІ.

Фэ Іэ зыщІэздза газетхэмрэ журналхэмрэ мы зэманым кьурибыдэу пощтым и лэжьакІуэхэм унэм ныфхуахьынущ е ахэр связым и Іуэхущапіэхэм кьыщеІыфхьэх хъунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тедзэным ехьэлІа Іуэху псоми щыгъуэзэ хуащІынущ пощтым и Іуэхущапіэхэм щылажьэхэм.

*«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Іуэхущапіэм и къудамэу КъБР-м щыІэ.*

● Іуэху щхьэпэ

## Дауэдапщэхэм къыпащэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм теухуа махуэшхуэ дауэдапщэхэм Дзэлыкъуэ районым щыпащэ.**

ШОРДАКЪ, Къамлыкъуэ кьуажэхэм щызэхэтащ «Си адэжь щыналъэ - си хэку», «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» фІэщыгъэхэм щІэт литературэмакъамэ пшыхьэр. Светловодскэ жылэм «Си къурш лъахэ» зыфІаща зэхьэзэхуэ щыІащ. Абы сабийхэр щызэпеуащ сурэт щыныкІэ.

ФокІадэм и 5-м Дзэлыкъуэкъуажэ щызэхьэзэхуэнущ уэсэ кьеджэныкІэ. Абы щыІунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и усакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІ нэхъыфІхэр. А махуэ дыдэм щэнхабзэмкІэ уардэ унэм и гупэкІэ кьит утым асфальтым сурэт тещІыхьыныкІэ нэхъ Іэзэхэр щызэхуаушэсынущ.

«Ди республикэм и картэм» викторинэ гъэщІэгъуэн кьыщызэрагъэпэщынущ Шордакъ. Ар щагъэкІуэкІынур фокІадэм и 8 махуэрщ.

Ди республикэм къэралыгъуэ зэрихуэхэр илъэс 93-рэ щрикъу махуэхэм тхьилъ гъэльэгъуэныгъэ щемыкІуэкІа зы кьуажи Дзэлыкъуэ районым иІакъым. Выставкэм жыджэру хэтащ Сэрмакъ, Приречнэ, Малкэ, Каменномост, Псынэдахэ, Белокаменскэ, Хьэбэз жылагъуэхэр.

Махуэшхуэ дауэдапщэхэр щІэщыгъуэ кьудей мыхъуу, унэтІныныгъэ куэду зэхэтащ. Апхуэдэу тхьилъеджэхэм я зэІуцІэ-зэпсэльэныгъэ щекІуэкІащ Дзэлыкъуэдэс, Псынэдахэ - адыгэ джэгу, Светловодскэм – щхьэзэхуэхэр, Приречнэм - джэгуэрмыкІэрэ щІалэгъуалэ пшыхьрэ.

**ЛЪОСТЭН Муэз.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Бзаджэр уи пэшэгъумэ, уи анэ мыгъуэ хъунщ.**

# Зэхъуэкlыныгъэ халъхьэ, мылъкуи хухах

● КъБР-м и Правительствэм

**Къэбэрдей-Балъкъарым и премьер-министрым и къаланэхэр зыгъэзащlэ Дальчуд Юрий Правительствэм и зи чэзу зэIушIэр иджыблагъэ иригъакIуэкIащ. Абы IуэхугъуэкIэ 12-м щыхэплъащ.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМ тету, республикэм и Правительствэм и унафэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ, язныкъуэхэм къару ямыIэжу къалытащ, МЧС-м и Iэщlагъэ IэхэмкIэ Бешенги къуэкъэм и Iэпщэлъашэм щрагъажIуэкIыну лэжьыгъэхэм ГъэтIылъыгъэ фондым и хьэжькIэ мылъку хухахащ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2014 гъэм, апхуэдэу 2015, 2016 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъарым и республикэ бюджетым игъэтыну зэхъуэжIыныгъэхэр зыхуэдэм. Абы теухуа законым и проектыр щызэпкърихым, финансхэмкIэ министрым и къаланэхэр зыгъэзащlэ Мишковэ Игнэ къигъэлъэгъащ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуани 181-рэ щхьэхуэу къызэрыхуаутIыпщар. Ар Iуэхущlапlэхэм трагущэнущ. Къащтэмэ, Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ министерствэм сом мелуан 46-рэ, Щэнхабзэмкlэ министерствэм - сом мелуан 38,7-рэ, Уэныщагъэр хъумэныжмкIэ министерствэм - сом мелуани 10-м нэблагъэ, Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ министерствэм - сом мелуан 44,4-рэ, Спортымкlэ министерствэм сом мелуан 18,7-рэ хухахынущ. Къищынэмыщlауэ, республикэ бюджетыр иризэхуагъэкIуэн папщlэ УФ-м Финансхэмкlэ и министерствэм сом мелуан 624,8-рэ дотащэу къаритащ. Абы щыщ Iыхьэр къэралым и Iэтащхьэм и май указхэр гъэзэщlэным, псалъэм папщlэ, бюджет Iэнатlэм я лэжьакIуэхэм я ублагъэр хэгъэхъэуным хуахынущ. Псори зэхэту республикэ бюджетым сом мелуан 815,8-кlэ хэхъущ икlи ар сом мелард 24,5-м нэсащ. Хэщlэхэр зыхахьхьану унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэри ягъэбелджылащ. Абыхэм сом мелард 29,8-рэ хуоз9.

Къэпсэлъам зэрыжIамкIэ, бюджетым сом мелурди 5,3-рэ хущыщIэнущ, ауэ ар УФ-м Бюджетымкlэ и кодексым йозэгъ.

Тепсэлъыхьа нэужь, Правительствэм и Унафэкlэ законым и проектыр къыщтащ. Хэхьыныгъэхэм ипэ къыхуэу, абы Парламентыр хэплъэнущ.

Нэхъ мыхьэнэ ирату зэхъыхьэм щызэпкlэхъэм ящыщ Урысей Федерацэм и Президентым и указхэмрэ и пщэрыльхэмрэ зэрагъэзащlэр къызэрапщытам къыкIуаХуэр. Ар иригъэкIуэкlащ къэралым и Iэтащхьэм и полномочие зIыхьIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратым кlэлъплъынныгъэмкlэ и департаментым и унафэщI Никитин Сергей зи нэхъыжь комиссэм. Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкlэ министр Тутыкъу Анзор, егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ министрым и къуэдзэ Кирин Александр, щIы, мылъку зэхъущытыкIэхэмкlэ къэрал комитетым и унафэщI Тонконог Аннэ сымэ къэнщытэныгъэ зыхуэдам, абы къыкIуаХуэм Правительствэм щыщхэр хагъэгъуэзащ.

Тутыкъу Анзор къызэрыхигъэщамкlэ, я лэжьыгъэм дагъуэу пIы къыхуащIащ. Ахэр екъэлIащ мы гъэм ятын хуей сабий гъэсапIэхэм, унагъуэшхуэхэм щIы Iыхьэхэр зэрыхупачым, Налшык дэт унэжьхэм цIыхухэр къызэрыщIагъэIэпэхъкIым, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр псэупIэкlэ къызэрызэрагъэпэщым, Министрым зэрыжIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъарым унагъэшхуэу мин 16 щопсэу. Абыхэм ящыщу 5248-м щIы Iыхьэ къыIахыну зэрыхуеймкIэ тхыльхэр ятащ. ЩIыпIэ самоуправленэм и IуэхущIапIэхэм я унафэкlэ, мы гъэм и пэщIэдзэм ирихьалIэу унагъэм 107-м щIы хухахащ. Мазибл кIуам унагъуэ 59-м щIапIэ иратащ, илъэсыр икIыу иджыри 1166-м щIы Iыхьэ хупачынущ. Программэр 2017 гъэ щIондэ тещIыхьащи, зэрауфбзыхуам тету а лэжьыгъэр и пIалъэм къитIасэу иратащ. КIуэкIынущ.

Альтуд Юрий къызэуэсахэм яг къитIасIыжащ Хэку зауэшхуэм хэтахэр псэупIэкlэ къызэрэпэщынрыр кIыхьлIыхь зэрыхъуар, абы хухаха пIалъэ псори зэриухыр.

- Мы Iуэхур къызэпIыдуд хъунукъым, ар тэмэму зэрызэфIэкIар фокIа-дэ мазэм жыгIэфын щхьэжIэ, ди къарур етхьэлIапхъэщ, - къыхиригъэщащ премьер-министрым и къаланэхэр зыгъэзащlэм.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэм и къуэдзэхэу Марьяш Иринэ, Фырэ Руслан, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, къэрал комитетхэм я унафэщIхэр, иригъэблагъэ къулыкъущIэхэр.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

# «Урысейм и патриотхэр» егъэджэныгъэм щыIэтеуба хабзэ нэхъыфIэхэр хъумэным и телъхьэщ

● Хэхьныгъэхэр-2014

Егъэджэныгъэм и Iэнатlэм бжьыпэр щызыIыгъуу щыта Урысейр дуней псом нэрылъагъу къыщыкIэрыхуу хуежьащ. Зэпымыуэ реформэ гуэркэр къызэрагупсысым къыхэкIыу зэрыгагъаджэм и фIагъым кIэроку, ерджну уэйсэкIэм зэхуэдэ Iэмалхэр яжьжьыпи. Егъэджэныгъэм и фIагъыр къызэрапщытам къызэригъэльэгъуамкlэ, къэралым и школхэм зэрышыгъаджэм и тэмэмагъымкlэ дз 40-нэ уэвIапIэм дынэсащ, ауэ абыи дынэсыжрыIэну къыщIэкIынкъым. Егъэджэныгъэм трагъэкIуадзэри нэхъ мащIэ хуэ зэпытщ: 2013 гъэм абы бюджетым и мылъкум щыщу проценти 5,1-рэ хухахауэ щытамэ, 2016 гъэм трагъэкIуадзэну я мурадыр проценти 3,9-рэ хуэдейц. Абы къыхэкIыу егъэджакIуэхэм я Iуэхущlапlэхэм егъэджакIуэхэр, профессорхэр щIэгъэхуэбжьауэ щагъэмащIэ. Ар къэпльыпльэ, язныкъуэ вузхэм фIэкI дяпэкlэ зыубгъуауэ мы Iуэхум елъжьыжьыфынукъым, абыхэм я нэхъыбапIэм дяпэкlэ ягъэхъэзырынур бакалаврхэрщ. НэгъуэщIу жьиIэмэ, дз тегушхуауэ дыхуохIу я дэтхэнэ Iуэхущlапlэмэ пщIэ зыщIэ.

Егъэджэныгъэм и Iэнатlэм реформэхэр тэмэму щрагъэкIуэкlын папщlэ егъэджакIуэхэм я зэфIэкlмэ кагъэхъуэн, абыхэм лэжьакIуэ щIалэхэр нэхъыбэу зэрахэтыным хущIэкъун хуейщ. Ауэ нэхъыжьхэм я зэфIэкlымкlэ абыхэм зэрагъэгъуэта пенсиэ гъэнэфагъэ щIэтыным и къуэдзэ нобэ, арыншамэ щIэблэр зэрыгъагъэжа Iэмалхэр япэкlэ пхуэгъэжьыгъуэнущ.

Ягъэува программэхэр нэсу гъэзэщIа хъун икlи дэтхэнэмэ щIэныгъэ тэмэм ираГъэгъуэн папщlэ блэкIа зэманым зэпуэца хабзэ нэхъыфIэхэр щIэгъэкъуэн къащIыпхъащ. Аращ щIэныгъэ программэщIэхэм лъабжьэ яхуэхъунур, ахэр къэкIуэну зэманым еэзгъыу зыунэтIынур.

ЕгъэджакIуэхэр «къыщагъэщIэжым», ди жагъуэ зэрыхъу-щIу, Iуэхум икъуэкlэ хуэIэзэ нэхъыжь куэд я Iэнатlэхэм Iуагъэкlащ. Абыхэм я пIэкlэ щколхэм кварашэлIа егъэджакIуэ щIалэхэр я Iэщlагъэм хуэмыдэкIуэзэ, зэрырагъаджэ методикэм хамыщIыкIыщ щIэкlащ. Ауэ ар егъэджэным и щIэныгъэм зэуэ щыкlэрыкуэр.

Иужьрей зэманым куэдым иригушхуэу я Iэщlагъэ хъуар экзамен зэгуэтхэр щрагъэкIуэкlкlэ «бадзэ лъэтамэ зэралъагъур» (зэрыкlэлъыплъ камерхэр ягъэуващ, жьыл телефон, кьынэмыщI къемыгъэгъэ Iэмэпсымэ зэпыи кьиГъэсэбэпыфынфынкъым). Ауэ ар уэзрыгушхуэн Iуэхуэхъуэм, уэзрыгушхуэхъэр щIэблэм я щIэныгъэм зэрыкъхъуэрщи, мис а Iуэху нэхъыщхьэр зыщIыпIи щыплъагъурыкъым. НэгъуэщI хэкlыпIэ имыгъуэту, Егъэджэныгъэмкlэ министерствэм мы гъэм математикэмрэ урысыбэмкlэ экзамен зытхэм нэхъ мащIэ щыдгъу къыжьыкlи хуей балл бжьыгъэр хуабжьу иригъэпэжьыхащ, егъакIуэхэм хьу-мыхъуми куэрт школыр ящагъуэхьи папщIэ.

Араци, курыт щIэныгъэ жьыхуэлэр зыри къызэрымыкIыр, ар вузым щIэтIысхьэмкlи, адэкlэ щIэныгъэм пыщIэмкlи хэущIакъым.

Республикэм егъэджакIуэмкlэ и Iэнатlэм зэфIэкlышхуэ зыбгъэдэлъ лъжьакIуэхэр яхурикъу пэтми, «ЕгъэджакIуэ» лъэпкъ проектыр щагъэзащIэм къыкъуэкIа гугъуехьхэм егъэджакIуэхэм езыхэр зытелажьэ инноваци проектхэм я кулцIэр, абыхэм я мурадхэмрэ я къалэнхэмрэ, иннованц зыужьмыгъэм и концепцэхэр нэсу къаззэрыгурымыIуэр. А псори вузхэми зэран къаухохьу, сыту жьыпIэмэ, дэтхэнэми щIэныгъэ нэхъыщхьэ игъуэтын папщIэ школым фIыуэ щеджаеу щытын хуейщ.

КъызэрыгуэкI щапхъэ я къэсыжьащ. Ди классическэ университетым щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыху куэд щолажьэ. Абыхэм яхэтщ дуней псом кьыщащIыну щIэныгъэлIэр, зи къэхутэныгъэхэр Урысейм и вуз пэрытхэм щылажьэхэм я Iэдакъэщlэкlэм къыкlэрымыхуэр. Дэтхэнэ факультетми компьютер класху щы, нэхъыбэ щыIэщ, дэтхэнэ аудиториями иджырей компьютер технологиехэр къыщагъэсэбэп. НэгъуэщIу жьпIэмэ, студентхэм щIэныгъэ нэс зрагъэгъуэтын папщIэ Iэмал псори яIащ. Ауэ школхэр къэзыхуэхэм я нэхъыбэр вузым и программэм пэлъэщIыркъым, зыхуеин лъабжьэ школхэм зэрыщащIыгъуэтым къыжьэIу.

**Школымрэ вузымрэ лъэпкъым и къэкIуэнум, Къэбэрдей-Балъкъарым и къэкIуэнум хуэгъэзауэ едгъэкIыжьыгъэ Iэнэгъэм и япэ Iыхьэщ. А Iыхьэр къэдмыхьэхуну да хуитыныгъэ диIэкъым.**

Мыбдеж хэкlыпIэ щыIэр ди университетымрэ республикэм и школхэмрэ я зэфIэкlыр курыт егъакIуэхэм щылажьэхэм я Iэщlагъэм хэгъэхъуэным, еджакIуэхэм щIэныгъэ куэ егъэгъуэтыным хуэунэтIыныр арауэ къыщIэкlынщ. Республикэм апхуэдэ зэдзэлажьэныгъэм и гъэкlыпIэ зэмылIэужыгъуэхэр къыщагъэсэбэп. ЩIэн лъэпкъ хэпкlым зи гугъу тщIы кьалэныр дзгъэкlыныжьмкlэ Егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я Iэщlагъэм щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэныжьмкlэ КъБКъУ-м и деж щыIэ институтымрэ щIэныгъэ гуэдзэм щагъэгъэгъуэт центрхэмрэ я яхь жьэупIэр зэпымыуэу я къэкIуэн зарыгуэкIи.

Институтым сытым дежи лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI республикэм и егъэджакIуэхэм я зэфIэкlым хэгъэхъуэным хуэгъэзауэ. Ауэ, сызэреплъымкlэ, педагогхэм я щIэныгъэм зэпымыуэу хэгъэхъуэныр къыззэгъэпэщ комплекс программэ хэха зэхалъхьэу кьамыщIту къынукъым.

ЩIэныгъэ гуэдзэм щрагъэгъуэт центрхэм я мыхьэнэрэ зыкlи нэхъ мащIэкъым. Абы и щыхьэт наIуэщ зэфIэкlышхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэхэмрэ профессорхэмрэ зэхуэшIэсыфа, педогогикэ щIэныгъэхэм я кандидат Дзыкlинэ Хь. М. зи унафэщI Iуэхущlапlэм - еджакIуэхэм я щIэныгъэ-техникэ творчествэмкlэ центрым и лажьэкlэр. Абы зэфIигъэкlэжу уи фIэщ мыхъуныр хуэдизщ. Абы и гъэсэну пщIы бжьагъэкъэр урысейпсо, къэрал зэхуэку олимпиадэхэм, щIэныгъэ конференцыхэм гъэ кьэс щытокlэ я уеныпIэ лъагъэкIуэ щIалэхэр Урысейм и вуз нэхъ цIыху ящIэ дыдэхэм, абыхэм Баумэн и цIэр зэригъэхьэу Москва дэт Техникэ университет нэхъыщхьэм, щIохуэ, иужькlэ езыхэм ящхуэ вузхэм щрагъажьэу хуэжьэри, профессор цIырыIуэгъэр къыхэкlи.

Иджыпсту хэт и дежкlи гурыIуэгъуэщ егъэджэныгъэм къэралым тригъэкIуадзэр валовэ продуктым и процентэ 4,3-м и пIэкlэ процентэ 6,3-м нэсащэ зэрыхуейр.

Ищхьэкlэ къыщыдгъэльэгъуа гугъуехьхэр къызэдэкlын папщIэ егъэджэныгъэм и дэтхэнэ Iыхьэмкlи хуейбжьэ я гугъу тщIынщ.

**Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр гъэсэныжьмкlэ Iэнатlэм (япэ Iыхьэм)** курыт еджапIэм щыщIэтIысхьэм ирихьэлIэу сабийкъэм зэхуэдэ Iэмалхэр яIэнкlр къызэрэгъэпэщын хуейщ: Сабий садэхэмрэ школхэм я пащIэдзэ еджапIэхэм щIэсхэмрэ щыта Урысейр дуней псом нэрылъагъу къыщыкlэрыхуу хуежьащ. Зэпымыуэ реформэ гуэркэр къызэрагупсысым къыхэкIыу зэрыгагъаджэм и фIагъым кIэроку, ерджну уэйсэкlэ Iэмалхэр яIажьхьи. Егъэджэныгъэм и фIагъыр къызэрапщытам къызэригъэльэгъуамкlэ, къэралым и школхэм зэрышыгъаджэм и тэмэмагъымкlэ дз 40-нэ уэвIапIэм дынэсащ, ауэ абыи дынэсыжрыIэну къыщIэкIынкъым. Егъэджэныгъэм трагъэкIуадзэри нэхъ мащIэ хуэ зэпытщ: 2013 гъэм абы бюджетым и мылъкум щыщу проценти 5,1-рэ хухахауэ щытамэ, 2016 гъэм трагъэкIуадзэну я мурадыр проценти 3,9-рэ хуэдейц. Абы къыхэкIыу егъэджакIуэхэм я Iуэхущlапlэхэм егъэджакIуэхэр, профессорхэр щIэгъэхуэбжьауэ щагъэмащIэ. Ар къэпльыпльэ, язныкъуэ вузхэм фIэкI дяпэкlэ зыубгъуауэ мы Iуэхум елъжьыжьыфынукъым, абыхэм я нэхъыбапIэм дяпэкlэ ягъэхъэзырынур бакалаврхэрщ. НэгъуэщIу жьиIэмэ, дз тегушхуауэ дыхуохIу я дэтхэнэ Iуэхущlапlэмэ щIэныгъэ щIэн.

Егъэджэныгъэм и Iэнатlэм реформэхэр тэмэму щрагъэкIуэкlын папщIэ егъэджакIуэхэм я зэфIэкlмэ кагъэхъуэн, абыхэм лэжьакIуэ щIалэхэр нэхъыбэу зэрахэтыным хущIэкъун хуейщ. Ауэ нэхъыжьхэм я зэфIэкlымкlэ абыхэм зэрагъэгъуэта пенсиэ гъэнэфагъэ щIэтыным и къуэдзэ нобэ, арыншамэ щIэблэр зэрыгагъажьэ Iэмалхэр япэкlэ пхуэгъэжьыгъуэнущ.

Ягъэува программэхэр нэсу гъэзэщIа хъун икlи дэтхэнэмэ щIэныгъэ тэмэм ираГъэгъуэн папщIэ блэкIа зэманым зэпуэца хабзэ нэхъыфIэхэр щIэгъэкъуэн къащIыпхъащ. Аращ щIэныгъэ программэщIэхэм лъабжьэ яхуэхъунур, ахэр къэкIуэну зэманым еэзгъыу зыунэтIынур.

ЕгъэджакIуэхэр «къыщагъэщIэжым», ди жагъуэ зэрыхъу-щIу, Iуэхум икlыкlэ хуэIэзэ нэхъыжь куэд я Iэнатlэхэм Iуагъэкlащ. Абыхэм я пIэкlэ щколхэм кварашэлIа егъэджакIуэ щIалэхэр я Iэщlагъэм хуэмыдэкIуэзэ, зэрырагъаджэ методикэм хамыщIыкIыщ щIэкlащ. Ауэ ар егъэджэным и щIэныгъэм зэуэ щыкlэрыкуэр.

Иужьрей зэманым куэдым иригушхуэу я Iэщlагъэ хъуар экзамен зэгуэтхэр щрагъэкIуэкlкlэ «бадзэ лъэтамэ зэралъагъур» (зэрыкlэлъыплъ камерхэр ягъэуващ, жьыл телефон, кьынэмыщI къемыгъэгъэ Iэмэпсымэ зэпыи кьиГъэсэбэпыфынфынкъым). Ауэ ар уэзрыгушхуэн Iуэхуэхъуэм, уэзрыгушхуэхъэр щIэблэм я щIэныгъэм зэрыкlэхъуэрщи, мис а Iуэху нэхъыщхьэр зыщIыпIи щыплъагъурыкъым. НэгъуэщI хэкlыпIэ имыгъуэту, Егъэджэныгъэмкlэ министерствэм мы гъэм математикэмрэ урысыбэмкlэ экзамен зытхэм нэхъ мащIэ щыдгъу къыжьыкlи хуей балл бжьыгъэр хуабжьу иригъэпэжьыхащ, егъакIуэхэм хьу-мыхъуми куэрт школыр ящагъуэхьи папщIэ.

Араци, курыт щIэныгъэ жьыхуэлэр зыри къызэрымыкIыр, ар вузым щIэтIысхьэмкlи, адэкlэ щIэныгъэм пыщIэмкlи хэущIакъым.

Республикэм егъэджакIуэмкlэ и Iэнатlэм зэфIэкlышхуэ зыбгъэдэлъ лъжьакIуэхэр яхурикъу пэтми, «ЕгъэджакIуэ» лъэпкъ проектыр щагъэзащIэм къыкъуэкIа гугъуехьхэм егъэджакIуэхэм езыхэр зытелажьэ иннованц проектхэм я кулцIэр, абыхэм я мурадхэмрэ я къалэнхэмрэ, иннованц зыужьмыгъэм и концепцэхэр нэсу къаззэрыгурымыIуэр. А псори вузхэми зэран къаухохьу, сыту жьыпIэмэ, дэтхэнэми щIэныгъэ нэхъыщхьэ игъуэтын папщIэ школым фIыуэ щеджаеу щытын хуейщ.

КъызэрыгуэкI щапхъэ я къэсыжьащ. Ди классическэ университетым щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыху куэд щолажьэ. Абыхэм яхэтщ дуней псом кьыщащIыну щIэныгъэлIэр, зи къэхутэныгъэхэр Урысейм и вуз пэрытхэм щылажьэхэм я Iэдакъэщlэкlэм къыкlэрымыхуэр. Дэтхэнэ факультетми компьютер класху щы, нэхъыбэ щыIэщ, дэтхэнэ аудиториями иджырей компьютер технологиехэр къыщагъэсэбэп. НэгъуэщIу жьпIэмэ, студентхэм щIэныгъэ нэс зрагъэгъуэтын папщIэ Iэмал псори яIащ. Ауэ школхэр къэзыхуэхэм я нэхъыбэр вузым и программэм пэлъэщIыркъым, зыхуеин лъабжьэ школхэм зэрыщащIыгъуэтым къыжьэIу.

**Школымрэ вузымрэ лъэпкъым и къэкIуэнум, Къэбэрдей-Балъкъарым и къэкIуэнум хуэгъэзауэ едгъэкIыжьыгъэ Iэнэгъэм и япэ Iыхьэщ. А Iыхьэр къэдмыхьэхуну да хуитыныгъэ диIэкъым.**

Мыбдеж хэкlыпIэ щыIэр ди университетымрэ республикэм и школхэмрэ я зэфIэкlыр курыт егъакIуэхэм щылажьэхэм я Iэщlагъэм хэгъэхъуэным, еджакIуэхэм щIэныгъэ куэ егъэгъуэтыным хуэунэтIыныр арауэ къыщIэкlынщ. Республикэм апхуэдэ зэдзэлажьэныгъэм и гъэкlыпIэ зэмылIэужыгъуэхэр къыщагъэсэбэп. ЩIэн лъэпкъ хэпкlым зи гугъу тщIы кьалэныр дзгъэкlыныжьмкlэ Егъэджэныгъэм и лэжьакIуэхэм я Iэщlагъэм щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэныжьмкlэ КъБКъУ-м и деж щыIэ институтымрэ щIэныгъэ гуэдзэм щагъэгъэгъуэт центрхэмрэ я яхь жьэупIэр зэпымыуэу я къэкIуэн зарыгуэкIи.

Институтым сытым дежи лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI республикэм и егъэджакIуэхэм я зэфIэкlым хэгъэхъуэным хуэгъэзауэ. Ауэ, сызэреплъымкlэ, педагогхэм я щIэныгъэм зэпымыуэу хэгъэхъуэныр къыззэгъэпэщ комплекс программэ хэха зэхалъхьэу кьамыщIту къынукъым.

ЩIэныгъэ гуэдзэм щрагъэгъуэт центрхэм я мыхьэнэрэ зыкlи нэхъ мащIэкъым. Абы и щыхьэт наIуэщ зэфIэкlышхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэхэмрэ профессорхэмрэ зэхуэшIэсыфа, педогогикэ щIэныгъэхэм я кандидат Дзыкlинэ Хь. М. зи унафэщI Iуэхущlапlэм - еджакIуэхэм я щIэныгъэ-техникэ творчествэмкlэ центрым и лажьэкlэр. Абы зэфIигъэкlэжу уи фIэщ мыхъуныр хуэдизщ. Абы и гъэсэну пщIы бжьагъэкъэр урысейпсо, къэрал зэхуэку олимпиадэхэм, щIэныгъэ конференцыхэм гъэ кьэс щытокlэ я уеныпIэ лъагъэкIуэ щIалэхэр Урысейм и вуз нэхъ цIыху ящIэ дыдэхэм, абыхэм Баумэн и цIэр зэригъэхьэу Москва дэт Техникэ университет нэхъыщхьэм, щIохуэ, иужькlэ езыхэм ящхуэ вузхэм щрагъажьэу хуэжьэри, профессор цIырыIуэгъэр къыхэкlи.

Иджыпсту хэт и дежкlи гурыIуэгъуэщ егъэджэныгъэм къэралым тригъэкIуадзэр валовэ продуктым и процентэ 4,3-м и пIэкlэ процентэ 6,3-м нэсащэ зэрыхуейр.

Ищхьэкlэ къыщыдгъэльэгъуа гугъуехьхэр къызэдэкlын папщIэ егъэджэныгъэм и дэтхэнэ Iыхьэмкlи хуейбжьэ я гугъу тщIынщ.

**Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр гъэсэныжьмкlэ Iэнатlэм (япэ Iыхьэм)** курыт еджапIэм щыщIэтIысхьэм ирихьэлIэу сабийкъэм зэхуэдэ Iэмалхэр яIэнкlр къызэрэгъэпэщын хуейщ: Сабий садэхэмрэ школхэм я

● КъБР-м и Пенсэ фондым

## Мазэм сом 881-м щIигъу хуоз9

**Къэбэрдей-Балъкъарым и Пенсэ фондым фигу къегъэкIыж: федеральнэ льготэ зиIэхэм социальнэ Iуэхутхъэбзэхэр ахъшэкlэ яхъуэж хъунущ. Абы хуэзэр зэрыщыту е Iыхьэ-Iыхьэу къыIахыну хуитщ.**

2014 ГЪЭМ мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ щIыхум хуащIэ социальнэ Iуэхутхъэбзэхэм мазэм сом 881-рэ кIэпIейкlэ 66-рэ хуоз9.

Абы щыщу:

- сом 679-рэ кIэпIейкlи 5-р зыхуей хущхъуэхэкlхэмкlэ къызэгъэпэщынэм;
- сомы 105-рэ кIэпIейкlи 5-р уз гъэтIылъахэр профилактикэ ящIын папщIэ санаторэ-курорт путевкэхэр къахудзэхыным;
- тумэни 9-рэ сомиблрэ кIэпIейкlэ 53-р къалэ гъунэ гъущI гъуэгу транспорткlэ, апхуэдэу къыщIэзэну щIыпIэм щыкlуэмрэ къыщыкlуэжьымрэ къалэ зэхуэку транспорткlэ пщIэнщзу кьещэкlыным.

Социальнэ Iуэхутхъэбзэхэм я пIэкlэ ахъшэр къыхэфхауэ къыкlэпыкlуэ илъэсхэми а щыкlэм фытетыным, фи мурадыр фхъуэжьыу Пенсэ фондым зыхуэмыгъазэми хъунущ.

Фыхущlегъуэжу гъэ фызыхуэкlуэм и щыкlышэм и 1-м щегъэжьауэ социальнэ Iуэхутхъэбзэхэр аргуэру къэвгъэсэбэпыну фыхуеймэ е ахэр япэу кьеыфхыну фыхуитмэ, жэпуэгъэм и 1-м и пэ кьиуэру фыщыпсэу щIыпIэм щыIэ Пенсэ фондым тхыльыр (заявленэ) щIэлъфхьэ.

***УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущlапlэ.***

# Гупыр зыгъэгупу щыта Щомахуэ Владимир

● «Адыгэ псалъэ»-90

Сыт хуэдэ газетри журналри зыгъэдахэхэм, кьеджэгъуафIэ зыщIхэм ящыщу сурэтхэр. Тхыгъэр зы теухуа цIыхум и сурэт хэтмэ, ар умышIэуасэми, абы гупсысыжьIа хуэдэу кьыщIохьу. Апхуэдэщ Iуэхугъуэ гуэркэм ятеуха тхыгъэхэри - зи гугъу ящIыр къэзыгъэлъагъуэ тепIъэгъуэхэр хэгъэувамэ, ар нэхъ гъащIэгъуэн, щIэджыкIакIуэри абы хэща мэхъу.

Газетыр сурэтхэмкlэ гъэдэхэн кьалэн игъэщIэлъу илъэс щыкlуБлкlэ «Адыгэ псалъэм» щылэжьащ Щомахуэ Владимир.

Ар набдзэгубдзапIъэт, адрейхэм къафIэмыIуэху куэдым гу лъитэрт. «Ди хъуреягъкlэ щыIэ мыпхуэдизэ дахагъэм иджыри щIэщхьэ гъащIэмрэ?» - жиIэу укъагъэуIэбжьырт абы и сурэтхэм.

Абы и лъэ зытемыува кьужьи ар здэмыкIуа IуэхущIапIэ куэди ди республикэм щыIэу къыщIэкIынукъым - хэти и лэжьыгъэр игъэльапIэу, нэгъуэщIхэми я ныкъусаныгъэхэм гу лъаригъэтэжу. Фыр цIыхухэм къаригъащIэмэ, щапхъэ дахэ яхуэхъумэ фIэфIт Владимир.

И лэжьыгъэфIми хуэфащэ пщIэ игъуэтаг: абы ЩIыхь тхылъхэр, сатыгъэтхэр къыхуагъэфащэрт, «КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэри къыфIащат.

ЦIыхухэр къезышалIэ хьэл дахи иIэт абы, и гушыIалъэри зэи нэщI хъуртжъым. «Гупыр зыгъэгупыр гуп и уасэпи» псэпъафэр зытражьIыкIащ. Щомахуэр зыщыт: емызэщу сыхьэт бжьыгъэкlэ гушыIэ хъыбархэр жиIэфырт.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, блэкIа зэманым итущ нобэ Володя и IуэхущIафэхэм дазэрытепсэлъыхьыр - 2003 гъэм накъыгъэм и 15-м ар дунейм екьжащ. Щомахуэр кьытхэмыгъэ-тыжми, абы и гуащIэшхуи газетым къызэрыхэнар тщыгъупщэркъым.

# Лашынкъейдэсхэр зыгъэпIейтейр

● Дэ къытхуатх

Лашынкъей къуажэ администрацэм и унафэщI Iэнатlэр иджыблагъэ хуагъэфащащ Къуущхэ Артур ФуIэд и къуэм. Псом япэу абы зэхуэсыгъэпэщри, къуажэдэсхэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр жаригъэIащ, ахэр зэрызэфIахыну унафэхэр яубзыхуащ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ жылэ администрацэм и лэжьакIуэхэр, щIэ зыхуащI къуажэдэс нэхъыжьхэр, курыт школым щылажьэхэр.

ЗэрыжьтIащи, зэIущIэм гупсэхуу щытепсэлъыхьащ нобэ лашынкъейдэсхэр зыгъэпIейтей псоми. Утыку къаралъха Iуэхуэхэм ящыщу къуажэм и тепIъэр зэрызыгъэпэщ, ар къабзэу щытын зэрызыгъэр. Къыхагъэщащ федеральнэ гъэзэгъэм пэгъунэгъуэ пхъэнкlийр щрамыдзу, пIалъэ хэхаIэ къажIуэ машинэм ар драгъэшыну. Машинэ блэжьхэм кьрадзым, къуажэдэсхэмя ящыщу пхъэнкIийр дэнэ деж щызыдзхэм жылагъуэм дэ къытригъауэркъым. Абы къыжьIыу унафэщIым къуажэдэсхэм лъэIыкIэ захуигъэзащ щхьэж и бжэIупэр игъэжьабзэну, зыхуей хуигъэзэну. ЖаIащ псом пхъэнкIий хэзащ зэрамыдзэнур, ар зыщIэм тезыгъэ тралъхьэу зэрагъэшынэнур.

АджIэ Къуущхэ Артур псалъэ иритащ къуажэдэс ДыщкI Радимэ. Абы зи гугъу ищIар илъэсищ хуауэ зи Iуэху зэрахуэ пхъэнкIий идзыпIэр гъэIэпхъуэн зэрыхуейрщ. Нэхъ ятэ Iуэкlэ ар ягъэкъэбзащ, гъуэгу тэмэми екIуалIэу ящIащ, ауэ абыкlэ Iуэхур зэфIэкIкъым. Илъэс тIощI и пэкlэ ар къуажэм пэIэщIэну щытамэ, иджы къуажэм зиубгъащ, цIыхуми я псэупIэхэр пхъэнкIий идзыпIэм нэхъ пэгъунэгъу хуащи, абы гугъу ирегъэхь.

- Нэхъ ятэIуэкlэ хъуэ тхылъ щытхам, дыкъагъэгугъауэ щытащ щы кIапэ хухахыу пхъэнкIий идзыпIэр ягъэIэпхъуэну, ауэ Iуэхум зэхъуэжьныгъэ зыри игъэтакъым. ДыныволъэIу абы иужь фихыну, - зыхуигъэзащ унафэщIым Радимэ.

Аджlэ зэхъыхьам щытепсэлъыхьащ псым и Iуэхум. Мыр къуажэдэсхэр нэхъ зыгъэпIейтейхэм ящыщщ. Псом хуэмыдэу абы теухуауэ гугъу йохь щIыбагъ уэрамыр. Псыр къыщимыжыр нэхъыбэщ.

- Сэ си щхьэкlэ сыкIуэри зэзгъэлъэгъуащ Iуэхур зыIутыр. Псыр кьызэрыкIуэн хуей бжьамийе тэмэму кьыльадзрыкъым. Абы къыжьIыну Хь. Къуажэ псоми псыр ялъэIэсыркъым. Абы нэхъ псынщIэIуэу елэжьын хуейщ, - щыжиIащ зэхуэсым Тыгъуэн Мухьэмэд.

Апхуэдэу зэхуэсым щытепсэлъыхьащ щIалэгъуалэм я Iуэху зыIутым, къуажэм и тепIъэмрэ и псэуКIэмрэ егъэфIэкIуэн папщIэ ящIэн хуейхэм.

Зэхуэсыр зэхуэщIыжащ администрацэм и Iэтащхьэм. Абы къыхигъэщащ аджlэ зэхъыхьам щытепсэлъыхьащ, ягубзыхуащ къащтэну унафэхэри.

Ди гуапэщ Къуущхэ Артур Iэнатlэщlэ зыпэрыувар къехъулIэну, узынщагъэ быда иIэу лэжьэну. ФIыкlэ дыщогугъ.

**МЭМРЭШ Мадинэ.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

# Зэныбжьэгъугъэм тращIыхь

● Абхъаз

**Урысеймрэ Абхъазымрэ я зэхуцытыкIэхэм зэныбжьэгъугъэр и лъабжьэу къэнэжынущ, зэман гъунэгъу дыдэм къэкIэ захъуэжынуми. Ар «Ново-Огарево» хэщIапIэм щыжаIащ Путин Владимирра Абхъазым и президенту хаха Хаджимбэ Раулрэ.**

- СЭ СИ ГУАПЭУ сынохъуэхъуащ а къулыкъыр къызэрыпхуагъэфэщам теухуауэ. Дэ куэд щIауэ дыдэроцIыху, - жиIащ Путин Владимир хьэщIэр щригъэблагъэм. - ЕхъулIэныгъэ уиIэну! СощIэ уэ ди зэхущытыкIэхэм заубгъуным уэрэрыхущIэкъур. Абыхэм къызэщIауфыдэ зыхъужжыныгъэмрэ шынагъэунэшагъэмрэ егъэшIыIа Iуэхухэри, нэгъущIэхэри. Бдзэожьыгъ цIыхухэм медицинэ хуэIухуэщIэу ягъуэтыр, ахэр пенсэхэмкIэ къызэрызэпэщащ егъэфIэкIуэным теухуауэ зэкIэпэжащ. Ахэр Абхъазым и цIыхухэр зыщыгъуэ Iуэхухуэ.

- Абхъаз цIыкIум и дежкIэ а Iуэхухэм мыхьэнэ ин яIэщ, - къыпищащ псалъэмакъым Хаджимбэ. - Дэ дыхьэзырщ Урысейми фIэхъьэлэмэт хъуну жэрдэмхэр къыхэтлъхьэну.

Президентхэр апхуэдэу тепсэльыхьащ Урысеймрэ Абхъазымрэ зэдэлэжьэнымк, зэдэIэпыкъуным теухуауэ зэращIылIэну зэгурыIуэныгъэщIэми. Абы Iэ традзэнкIэ хъунущ дызэрыт илъэсыр имыухыу. Ар хуэгъэзауэ щытынущ «нэхъри зэгъэнэгъу хъуным».

- Проектым къыщигъэлъэгъауэ щытынущ къэралитIым зыхъужмэжыныгъэмрэ шынагъэунэшагъэмкIэ я IэнатIэхэр зэрызэпащIэнур, - ягуригъэIуащ журналистхэм Путин Владимир и пресс-секретарь Песков Дмитрий. - Щыгъэпсалъэм зэгурыIуащ Урысейр Абхъазым ахъшэкIэ зэрыдэIэпыкъум хигъахъуэну, УФ-м и инвесторхэр ди ныбжьэгъу къэралым и экономикэм хашэну.

Песковым щIигужащ урысей инвесторхэр Абхъазым щылажьэнымкIэ IэмалыфI дыдэхэр къыкъуэкIыну Хаджимбэ зэрыжиIари.

**СМИРНОВ Дмитрий.**
*«Комсомольская правда»*

# Шыгуху зимыIэ гу

● Джэрпэджэж

**Ди къэралым къытракъуэз. Езыми абы щыгъуэ иретыж. Абы ипкъ иткIэ, уогупсыс ди правительствэр къыхэкIыкI Iэхухэм пэджэж къудейуэ: иIэкъым пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ зэлэжьыну иубзыхуа гуэри...**

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркIэ, нэгъуэщI къэралхэм кIрашхэр езы Урысейм кьыщагъэкIэжмкIэ зэрахъуэкIыну ягъэуващ. Хэт апхуэдэ унафэр зи фIыгъэр? Куэдкъым ар. Бырыс Iэмрэ Iыгъыпс санкцэхэрщ. Зауэ белджылы кьэхъуащ зыхъужмэжныгъэ IэнатIэм и мызакъуэу, ерыскыы кьэлэжьынми ахъшэ хуаутIыпщынкъым зэрыхуейр. Бюджетыр абы хэхъэзыркъым. ЩIэмыупщIэнкIэ Iэмал иIэкъым: ди кьулыкъущIэхэр инэпуэкIэ абы егупсыс хъунутэкIэ? Абы щыгъуэми ди деж кьыщащтащ программэ куэд, ящыгъупщэжа «Стратегие-2020» проектыщхьэр, уеблэмэ властым и лIэужьыгъуэ псоми пIалъэ кIыхьым тещIыхьа экономикэ планхэр зэхалъхьэныр кьалэн ящызыщI закон щхьэхуэ. Ауэ план зэгъэкIуа гуэри щыIэкъым.

## Щэхуу лажьэу ара?

«Экономикэ стратеги?! Ди правительствэми?!! Къэбгъэтаи укъызэрызэупщIын? - телъыджэ щыхъуащ си упщIэр правительствэм щылажьэ IэщIагъэлI си нIэуасэм. - «Москва псым джеIэкэр хэс?» - жыпIэу укъызэупщIам хуэдэщ.

Хэскъым!» Зы къулыкъущIэ закъуэу къэщIэкIынущ правительствэм стратегие программэ зэриIэм щыгъуазэр».

- Ди дIыщ экономикэ стратегие икIи абыхэм зэи захъужжыркъым, - яжриIащ иджыблагъэ журналистхэм финансэхмкIэ министрым и къуэдзэ Сторчак Сергей. - Зи гугъу тщIыр къэралыр экономикэм зэрыхэIэбэр дгъэмэщIынырщ. ЩхьэусыгъуэУ гуэрхэм я зэранкIэ зэкIэ приватизацэ тхуегъэкIуэкIыркъым. Ауэ ар политикэ Iуэхущ.

Абы и псалъэхэр сыткIэ езэгъэр къэралыр экономикэм хэIэбэн хуейуэ къэзыгъэув программэ куэдкIейм? Абы Сторчак и гугъу ищIакъым. «Стратегие иIэу къэщIэкIынкIи хъунщ, ауэ ар щхэущ», - мэдыхьэшх Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием экономикэмкIэ и институтым и унафэщI Гринберг Руслан. Нэщхьейуи щIегъуж: «Стратегие иIакъым икIи иIэкъым. Иджы, санкцэхэм я зэманым, нэхъыщхьэр стратегиеркъым, атIэ уи щхьэ зэрыхэпхынырщ. НэгъуэщI къэралхэм къпишхэр уэ езым кьэблэжьыжхэмкIэ зэуэ пхузэхъуэкIынукъым. Уасэхэм хуэмэро псынщIэу зэрыхэхъуэнур? Аращ нэхъыщхьэр.

● УпщIэ - жэуап

# КъулыкъущIэхэр мэжаIэнукъым

***Къулыкъущ1эхэм я улахуэхэм аргуэру хагъэхъуауэ жаIэ. Ар пэж?***

**«АиФ»**: Урысейм Статистикэмкlэ и къэрал комитетым къитахэм ятепщIыхьмэ, 2014 гъэм и япэ иIуэс ныкъуэм къулыкъущIэхэм я курыт улахуэм зиIэтащ зы мазэм хуэзэу процент 32-кIэ, икIи сом мин 92-м нэсащ. Нэхъыбэу щыхэхъуащ судхэмрэ прократурэмрэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Конституцэ судым - хуэдиткIэ (сом мини 160-рэ хуэдизкIэ). Мыбдежьым апхуэдэу пашэныгъэр щIыгъащ ЩIыналъэхэмкIэ министерствэм (процент 91-кIэ щыщIэтащ), Узыншагъэр хъумэныгъэ министерствэм (процент 83-кIэ), ЩIалэгъуалэм и Iэхэухэмкlэ федеральнэ агентствэм (процент 86-кIэ), Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыхъуреихь дунейм кIэ и министерствэм (процент 84-кIэ), Спортымкlэ министерствэм (процент 81-кIэ), Туризмэмкlэ федеральнэ IэнатIэм (процент 77-кIэ).

Я улахуэхэм хагъэхъуэным теухуа унафэхэр пэджэжу къыщIэкIынущ инфляцэр ипэжыпIэкIэ зэрыдэкIуеям. Апхуэдэу щытмэ, щыуэрхъуэм, а бжыгъэр процент 30 нэхъри нэхъ мащIэкъым.

## Сыт ахъшэ щIаримыкъуэр?

***Къэралым зэпымыуэ налогыщIэхэр къеугупсыс. Иджы нэгъуэщI лIэужьыгъуэщIэ хъарагъэжьэну жаIэ - ягъэIэпхъуэ мыхъу мылъкум тралъхьэр. Сыт, иджы щыIэ налогхэр яфIэмащIэу ара?***

Глобализацэм егъэщIылIа Iэхэухэмкlэ институтым и унафэщI **Делягин Михаил** и жэуап:

- Налогхэр къомэщIэкI къэралым къыхиха ахъшэхэр тэмэму зэрызримыгъэзэхуэфым къыхэкIыу. ИпэжыпIэкIэ дэ ди къэралыр ахъшэм етхьэлэ - бюджетым щыщу къамыгъэсэбэпэ ахъшэр (щыщдагъэр зэрылъапIэм къыхэкIыу) аргуэру сом мелард 300-кIэ нэхъыбэ хуащ икIи сом триллиони 8,1-м нэсащ. Абы щыгъуэми, фэ зытрагъауэ ахъшэ ямыIэу, налогыщIэхэр къагупсыс, пенсэхэм хоIэбэ. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Медведевым и Правительствэм къалэну зыхуигъэувыжар Урысейм зегъэужьыныркъым, атIэ ипэжыпIэкIэ зауэ щIыIэ Урысейм къезыщIыпIа къэралхэр диIыгъын папщIэ езым и цIыхухэр ихъунщIэнырщ - бюджетым къыдэхуэхэр дэ хыдолъхъэ США-мрэ Европэмрэ я тхыльымпIэ лъапIэхэм.

***«Аргументы и факты»***

● Ди псэлъэгъуэхэр

# «Щхьэхуитыныгъэр тыгъэкъым, атIэ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ»

*«Сэ къысфIощI дэ дызыпэмыплъа Iуэху мыщIагъуэхэр къытпэщылъу. Илъэситху и пэкIэ сэ абы сегупсысыртэкъым икIи апхуэдэ зыхэсщIэртэкъым, - жеIэ кинорежиссёр цIэрыцIэу Митта Александр.*

## НэгъуэщIым си Iуэху хэлъкъым

**- Уэ уи «Шагал - Малевич» фильмыщIэм гупсысэ щIэлъщ, зэман гугъуэхэм зэфIэкIыштхуэ зыбгъэдэлъ цIыхухэр къагъэщIу. Мы зэманри тыншкъым, атIэ абыи къиГъэщIыну пIэрэ цIырыIуэхэр?**

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хьэуэ. Сыт щхьэкIэ? *(Мэгупсысэ).* Щхьэусыгъуэр Урысейр цIыхум зэрыщIымысхьарщ. Зауэхэм, революцэхэм, Сталиным и зэманым зэрахьа залымыгъэхэм яжь иджыри къэс къытщIеху. Ауэ апхуэдэу щыт пэтми, студентхэм сащепсалъэкIэ гу лъызотэ абыхэм уэщыщIугъэ хъуну куэдыкIей зэрахэтым. Абы сыщогугфыкI.

**- А щIалэгъуалэ акъыныфIэхэм ябгъэдэлъ я ныбжьым хуэфэщэн щIэныгъэ? Мы гъэм ЕГЭ-м кIэрыкIуэхэм псори ягъэгугъэзащ, езы егъэджакIуэхэри хэту.**

- Мис ар гъэзэгъуэщ. Дауи, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр щыIэщ, ауэ совет зэманым елъытауэ ахэр куэдкIэ нэхъ мащIэщ. Дэ ди деж цIыхухэм щIэныгъэ зэрыщIымыкIэм. Къэтщтэнщ, сэ ильэсипщIкIэ щезгъэзэджа Германиер. Школыр къаухмэ, я нэхъ мащIэрамэ, хуиту нэгъуэщI къэралыбзэхэм ящыщу тIум иропсалъэ. Ар щеджэфынущ икIи щылэжьэфынущ дунейм и щIыпIэ псомИ. Ди деж-щэ? Школым къыщIэкIым ящIэр инджылызыбзэ «бырыкъуэшыр-къуэр» е зыри ящIэххэркъым. Ди деж педагогикэ Iэнатlэм пэрытхэм ящыщ куэдыр кууэ щыгъуазэкъым ныбжьыщIэхэм ирагъэджым. КиноIэнатIэм иужь илъэс зыбжанэм ехъулIэныгъэ щызымыIа цIыхур КъухэпIэм хуит щащIынукъым студентхэр иригъэджэну. Дэ ди деж кинематографие Iэщlагъэм щIалэгъуалэр щыхуезыгъаджэр я нэхъыбэм и деж абы зыри хэзымыщIыкIэхэщ. Си гугъэщ нэгъуэщI Iэнатlэхэми ардыдэрауэ щекIуэкIыр.

**- Илъэс къэс зыхъужмэныгъэ Iуэхухэм тедгъэкIуадэм хохъуэ, щIэныгъэ Iэнатlэм зиужьыным хухахыр абы къыдэхуэм щыщщ...**

- И жэуапыр гурыIуэгъуэщ. «Къэнэжа» ахъшэр егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм ираткIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым. Ахэращ зэлъытар къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэнур. Пэжщ, зыхъужмэжныгъэм мыхьэнэ ин иIэщ, абы трагъэкIуадэм егупсысауэ хэгъэхъуэн хуейщ. Ди дзэр зэрыпъэщхьэу къыщIэкIынуц Кърымыр зэрызэхэдгъэхьэжаи Текъуауэ зыри къыщIытпэщIэмыцIыр, санкцэ къащтахэри щIэмыихьэнэнщэр.

Сэ си гуапэщ си гъащIэм щыщ щыIыхьэшхуэр щызгъэкIуа, фильмитху щытесха Кърымыр иджы Урысейм и щIыналъэ зэрыхъужар. Сэ абы зэи украиныбзэ щызэхэсхакъым. Абы къыхэкIыу а щIыпIэр си дежкIэ сыт щыгъуи урыс, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, совет щIыналъэщ. СыщогуфыкI иджы абы БГИК-м и кудамэ къызэрыщызэIуахэм, киностудиер зэрыщызэфIагъэувэжым. А псори хъарзынэщ! Ауэ Кърымыр Урысейм къызэрыхагъэхьэжа щIыкIэм сытыкIэ псэлъэныкъомэ нэхъ къызощтэ.

**- Цыхуэхэм зэреупщIам къагъэлъагъуэ: процент 70-м щIигъур и телъхьэщ СМИ-хэр цензурэм щIэгъэувэным, абы къэралым и сэбэп хэлъмэ. Абы къикIыр зымкIи жэуаплныгъэ яхьыну хуэмейуэ ара?**

- Араущ къыщIэкIынущ. Ауэ сэ си дежкIэ гъэщIэгъуэнкъым цIыхухэм я нэхъыбэм пэжыр ящIэну зэрыхуэмейр. ЦIыхухэр хуейщ тыншу, зыгъэпIейтей щызымIэу псэуну. Нэхъыщхьэр я ныбэ щымыщIэнырщ. Ауэ къэралым щекIуэкI Iэхэхуэм я пэжым ущыгъуэззэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Псоми къагурыIуапхъэщ дэ дызыщIыпсэу къэралыр зыхуэдэр. Ди деж щыкуэдщ жэуап лъэпкъ зыхьыну хуэмейкъэр. КъулыкъущIэхэр аращ зыхуеиххэр. Гудзакъэншэ цIыхум зэрыхуей ебгъэщIэну нэхъ тыншщ. Мис абыкIэ европейхэм дакъыщхьэщокI. Нэмыцэхэм кьанэ щымыIэу жэуаплныгъэр зыхащIэ. Ахэр хуейщ къэралым, кьалэм, уэрамым щекIуэкIхэм я Iэху халъхьэну. Ди деж нэхъыбэр мыпхуэдэущ зэрыгупсысэр: «Сыт сэ сщIэфынур? Хэт сэ къызэдэIуэнур? Си Iуэху абы хэль?»

Илъэс куэдкIэ дэ дыщIэхъуэпсащ щхьэхуитыныгъэм. Ауэ Iуэщым кьагурыIуакъым щхьэхуитыныгъэр уафэм къехуэха тыгъэр зэрыщIымытыр. Ар жэуаплныгъэ ин зыпылъ Iуэхущ икIи абы ухуэхъэзырын хуейщ. Корупцэм иджыри зыгуэрурэ я гугъу ящI, ауэ махуэ къэс Урысейм икIуэ-дыкI мелардхэм я дежкIэ зэрынэсу псоми я дзэм дзэху Iуагъэльадэ. Зыми къыбжакъым а мелардхэр зыхуэдизыр. IэщlагъэлIхэри политикхэри абы тепсэльыхьыркъым. Урысейм ахъшэ иремыгъэшынымэ теухуа закон къащтэну зыми къиГъэувыркъым, апхуэдэ хабзэ къэрал куэдым щызэкIуэ пэтми. Урысейр куэлейсыз мэхъу, ауэ куэдым фэ зытрагъауэ апхуэдэу щытын хуейуэ.

Дэ Кордэ американ кинематографым дытохъущIыкъ ар щыгъэнэшэу жытIэу. Ауэ зыщыдогъэгъупщэ абы ГъащIэр кууэ, зэрыщIт дыдэм хуэдэу ди нэгу кьыщIэзыгъэувэ фильмхэр зэрыщытрахыр. Ди деж апхуэдэ кинор къэсыркъым, кьыщагъэльагъуэр мис а мыхьэнэншэрщ? Ди кинематографым къэралым щекIуэкI, щIыхуэхэр нэхъ зыгъэгузавэ Iуэху кьиIэтыркъым, я нэгу зрагъэужьмэ нэхъ трагъащIэ.

## Къытпэщылъщ гугъуехь

**Шагал Марк зытета хабзэхэм ящыщ зыщ къаугъэхэм запыIудзыныр, зэхуэгъэкIуэтэныр. АтIэ иджырей жылагъуэр псэуфыну а хабзэм тету?**

- ГъащIэр сыт щыгъуи зэхуэгъэкIуатэу зэхэлъщ. ЗэхуэгъэкIуа мин защIэу. Псоми кIэ щигъэзытыр мис а зэхуэгъэкIуатэр щиухырщ - лIэныгъэрщ. Абы и закъуэщ дунейм тет псори зэщхь дызыщIыр. Демократиер зэхуэгъэкIуэтэныгъэщ, нэгъуэщIым и жагъуэ мыхъуу уи Iуэхур пщIэнырщ. Апхуэдэ зэхуэгъэкIуатэ щыIэ ди жылагъуэм? Сэ къысфIощI дэ дызыпэмыплъа гугъуехь кьыптпэщылъу. Илъэситху хуэдизкIэ сызоплъэкIыжри, сэ апхуэдэ гупсысэм сигъэпIейтэртэкъым.

Иужьрей илъэсхэм дэ зыщIедгъэхащ, ди ныбэ изу дыпсэящ. Ауэ гу лъыстакъым цIыхухэр егупуу лажьэу, лжьалIэ IэнатIэщIэхэр къызэрагъэпэщу. КъухьэпIэм цIыхухэр нэхъыбэрэ икIи нэхъ текъуэзауэ щоладжьэ. Нэхъыщхьэращи, я Iэдакъэщ IэкIэхэри фIыщ икIи куэдщ. Сэ слъэгъуащ ар. Си гугъэщ илъэс гъунэгъуэхэм пщIэнтIэпсыр еткъуэкIыу дылэжьэн хуей хъуну, щакхъуэ Iыхьэ диIэн папщIэ. Абы сэ сигъэшынэрэ? Хьэуэ. Сэ фIыуэ сощIэж сыщыщмэжаIа си сабиитIуэр. Араущи, сыт хуэдэ гугъуехьхьи сыпхуэгъэшынэнкъым.

**- Куэдыр уэ арэзы къыбдэхъуну къыщIэкIынукъым. Еплъ екIуэкIым: патриотыгъэм зеукъуэдий, къэралым и Iэтащхьэм и пщIэри дэуеящ...**

- Къэралым Iуэху гуэрхэр жьыджэру щригъэкIуэкIкIэ ар цIыхубэм игу ирохь. Фолкленд къытIигухэм папщIэ зауэ щызэхиублам щыгъуэ Тэтчер Маргарет и пщIэр зэрыдэкIуеяуэ щыгъэ дигу къэдвгъэгъэкIыж. Къэралым и зэхуэдитIым нэс лъыгъажхэм хэзыгъэкIуэда Наполеон иджыри Франджым и пъэпкъ лIыхъужь нэхъ цIэрыIуэ дыдэу ябж. Сыт жыжьэ дыщIэIэбэнур: Сталин ди лъэпкъ лIыхъужьщ, Жуковри аращ, цIыхуу хэкIуадэр къыфIэмыIуэхъуущ абы текIуэныгъэхэр къызэрихьар. Тхыдэм дегупсысыркъым, атIэ а щыуагъэхэр къыщымыльытэу и пэкIэ укIуэтэфынукъым..

Урысейр сыт щыгъуи щыпашэу щытащ щэнхабзэ Iэнатlэм. Си лэжьыгъэщIэр зытеухуар аращ, сыхуейщ ар иджыпрей щIэблэм къыгурыIуэну.

**ГРАЧЁВ Сергей.**
*«Аргументы и факты»*

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Iулъхъэ

# Илъэси 9-кIэ

**Ставрополь и унафэщIу щыта бестужий Игорь иужькIэ лъэхъуэщIым ихуащ нэгъуэщI кьалэ Iэтащхьэ - крайм и Михайловскэ кьалэм и Iэтащхьэу лэжьа Лунин Александр.**

БЕСТУЖИЙ хуэдэу, абыи илъэси 9 щигъэкIуэнущ тутнакъэщым. Пэжщ, ипшынын хуей къуэдыуэ тралъхьар зыкъомкIэ нэхъ мащIэщ. Шпаков райсудым и пресс-секретарь Середа Виталий зэрыжиIамкIэ, абы къэралым иритыжьын хуейр сом мелуан 40 «къудейщ».

Лунин къуаншэу кьалытатащ УФ-м и УК-м кьыщIэлъэIэгъуэ щIэпхъэджагъэу 7-кIэ. Абыхэм ящыщу 5-р Iутъхьэшхуэ зыкъэзрыпхам тещIыхьащ.

Iуэхур щызэхагъэкIым сэтей къызэращIащи, 2010 - 2011 гъэхэм Лунин щы Iыхьэхэр бэджэнду итащ щхьэзыфIэфIу.

**ДМИТРУК Еленэ.**

● Щынатъэхэр

# Курилхэр, псы хущхъуэхэр

**А хытIыгуэхэм укIуэнури укъикIыжыщри гугъущ. Мыбы щыпсэухэр медицинэ, нэгъуэщI хуэIухуэщIэхэмкIэ гугъу йохь, псори щылъапIэщ. АрщхьэкIэ щIыхуэхэр макIуэ щыпсэуну икIи щыджьэну.**

КУРИЛХЭР зэпыщIащ Камчаткэ къыщыщIэдзауэ Японием и Хоккайдэ нэсыху. ЩIыналъэм километр 1200-рэ и кIыхьагъщ. Ар Калининград областым еIм нэхъра нэхъ инщ. ХытIыгуэр 56-рэ мэхъу, ауэ цIыхуэхэр щыпсэур абыхэм ящыщ пIырщ. Абы къикIыркъым адрейхэр цIыхуншэу: языныкъуэхэм гъунапкъэхъумэхэм къулыкъу щащIэ, адрейхэм дыщэ къыщыщIах, н.къ.

Гъэмахуэ мазэхэм «Фархутдинов Игорь» къъухьыр яку дэтщ Сахалинрэ Курил хытIыгуэмрэ (иужьрейхэр Сахалин областым хохьэ). Билетхэр сом мини 4-м къыщыщIэдзауэ мини 8-м нэсыху я уасэми, цIыхуэхэр хуабжьу зэтрехьэ. Гъэмахуэр зыгъэпсэхугъуэщ, бдзэжьей ещэгъуэщ, еджапIэхэм щыщIэтIысхьэ зэманщ. Аращи, къъухьыр сыт щыгъуи зэпэуфыдауэ къэгъуэгурыкIуэщ. Пэжщ, аргуэру зы кхъухь щIагъуэ иужь, Курилхэм щыпсэухэм я Iуэхуэхэр нэхъ тынш хъуащ.

«Транспортыр ди гугъуехьэхэр нэхъыщхьэу къызыхэкIхэм ящыщ зыщ, - жеIэ «Курил къаде округ» муниципальнэ къызэрэпэщыныгъэм и Iэтащхьэ Белоусовэ Татьянэ. - Къъухьыр махуиплI къэс зэ къыгтхуокIуэ, арщхьэкIэ тедзапIэр мылым зэрызэщIиIуIэм къыхэкIыу къыгурыкъым. Мы гъэм IутIыж махуэр джэдыкIэншэу дгъэльэпIэн хуей хъуащ - тыкуэнхэм ари гъэшхэкIхэри щIэлъыжтэкъым. Фрыскъыпхъэ псори материкым хъраш».

Итуруп аэродром щыIэщ, ауэ ар зейр ЗыхъумэжныныгъэмкIэ министерствэщ. ЦIыхухэр бжьышэкI кхъухьлъатэхэри къыщотIыс зэзэмызэ: аргуэру зэран хъур дунейм и щытыкIэр зэрымыщIагъуэщ. Пшагъуэхэмрэ уэс борэнхэмрэ зыри уагъэльагъуркъым. Абы зауэIхэм я сэбэп хэльщ. Зауэм и зэманым японхэм аэродромыр кьагъэсэбэпу щытащ, 1941 гъэм и бжьыхьэм япон флотилиер американхэм кьахуэльэгъуакъым. ИужькIэ абы и кхъухьхэр Пёрл-Харбор американ базэм теуащ.

Иджы щIыналъэм щыпсэухэр поплъэ щынеи и сыт хуэдэ щытыкIэми езэгъыну «Итуруп» аэропортыр къызэIуахыным.

## Ухуэныгъэхэм заубгъу

Дэ ди кIэн къикIащ: Сахалин дыIуKIыу зэпыдупщIа тенджызэ гъуэгум текIуэдар сихьэт 19 «къудейщ». Мис Итуруп и щыхьэр Курильск къалэри. Зы уэрам кIыхь Iуащхьэхэм кьахощ къатитIу зэтет унэхэр и бгъумкIэ къыIуту. ХьэщIэщым и щIыхьэпIэм укъыщоджэ щIыр щыхъеикIэ, хыр къыщыухуфбейкIэ пщIэн хуеим. Адэ-мыдэкIэ тыкуэн цIыкIуэр щыбольагъу.

Арщхьэкlэ мыр щIыпIэ бгынауэ пхужьIэнукъым. ЦIыхуэхэр екIуу хуэпащ, чэфхэр щыпльагъуркъым, хуэанэ щызэхэпхыркъым. И хъурейгъкIэ сабийкэр щоджэгу. Илъэситху и пэкIэ кьалэм асфальт щыпльагъунутэкъым, иджы ухуэныгъэхэм эщыгъубгъу.

Курилхэм я псы пщтырхэр узыфэ куэдым я хущхъуэу жаIэ. Абы къыхэкIыу мыбы къокIуэ зэпыльхьакIуэхэр.

**ПИСАРЕНКЭ Дмитрий.**
*«Комсомольская правда»*

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

# Зэхигъэгъуэщат...

**Мыр къыщыхъуа сабий са дым и упщIэр и лэжьапIэм IуагъэкIынущ.**

СТАВРОПОЛЬ щыпсэу Меховэ Марие иджыри къэс нэпсхэр къыфIыщIож игъэвар зыхуэдизыр игу къэкIыжьыхукIэ: ипхъу цIыкIур хэишэжыну сабий садым щыкIуам ар абы ... щыIэжтэкъым

- Ульянэ (арат хъыджэбз цIыкIум и цIэр) лIыжь гузрым ишэжащ , - кьыжраIащ сабийжэм.

ЦIыхубзыр гъэсакIуэхэм ябгъэдэлъадащ. Арщхьэкlэ къжраIэфа щыIэкъым. Анэ ныбжьыщIэр гужьеящ: дэнэ ипхъу цIыкIур къыщIыпхъуэнур?! И насыпти, сихьэт зыкIуэ нэхъ дымыкIыу сабийр къэкIуэкIыжащ. Ар къыщэжащ езы лIыжьым. ЗыIъэгъуахэм къызэрыуэтэжьымкIэ, ар хуабжьу гужьеят: къэпщIэнтIат, кIэзызырт. ЛIыжьым къиIуэтэжащ и унэм щыкIэжа иужь, езым и къуэрылъхур щIэсу къызэрильэгъуар. Мыбдежьым и фIызыжьри къытекIиящ: «Хэт уэ къытхуэпшар, ди къуэрылъхур къызэрашэкрэ къуэдщIащ».

ЛIыжьым и нэхэм фIыуэ яльаГъуртэкъыми, езым и къуэрылъхур нэгъуэщI хъыджэбз цIыкIум хигъэзэрыхьат. Тэрэзэ щIэт, сырыхут.

Сабым щIэкIуэдыкIа хъыджэбз цIыкIум и адэ-анэм ягъэвар къэIуэтэгъуейщ. Абыхэм иджыри къэс къагурыIуэркъым гъэсакIуэм сабийр лIыжь мыцIыкум иритынкъым къызыхэкIар. ЗыкъащIэжа иужь, адэ-анэхэм полицэм зыхуагъэзащ. Къуаншэр жэуапым ирашэлIэнущ.

**БЕЛЕЦКИЙ Дмитрий.**
*«Комсомольская правда»*

● Апхуэдэщ «Мерседесыр»

**Автомобиль нэхъ цIэрыIуэхэр къытхуеиббжэкIыт жыпIэмэ, япэ увыпIэр иубыдыну къыщIэкIынщ «Мерседес» машинэм. Ар япэу къэзыщIэхуахэм ящыщщ, иджы зэрыжаIэщи, кином и вагъуэ Лорен Софи. Мерседес 300 SL машинэр къыщищэхуам, «автомобильым и бжэ Iэтахэр Софи и набдзэм еIцхьэ» жаIэу щытащ.**

● Шыгъажэ

# «Іуащхьэмахуэ и кубок»

**КЪБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр щагъэлъапІэм Налшык ипподромым щекІуэкІащ «Іуащхьэмахуэ и кубок»-р къэхьыным теуХуа шыгъажэшхуэ. Абы хэтащ Кавказ Ищхьэрэм щынэхъыфІ шууейхэмрэ шыгъажэшхэмрэ.**

ШЫГЪАЖЭР къызэІуахащ илъэситІ зи ныбжь шыхэм метр 1200-рэ къажьнымкІэ. Ахэр щІэбэнащ экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и академием и профессор, абхъаз-адыгэ дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ветеран Агырбэ Юрий илъэс 75-рэ зэрырикъум теуХуа саугъэтым. Битокъу Мухьэмэд и пІэнэгъуэплъ Кинг Навигатор и хьэрхуэрэгъуэм фІыуэ ягъэ ищри, текІуэныгъэр зыІэригъэхьащ. Ар къигъэжащ мастер-шууей Хьэмыз Къазбэч, тренерыр ягъэ категорие зиІэ Рудик Сергейщ.

КИФЩІ-м и кубокым щІэбэна, Урысейм къыщыхьуа илъэсищ зи ныбжь шыхэр утыкум къыщыхьам къызэхуэсахэр нэхъри къызэщІиІэтат. Метр 2800-рэ гъэугуанэр ерыщу къызэриІэкІри, а саугъэтыр зыІэригъэхьащ «Малкэ» шы заводым и шыгъажэш пІэгъэплъ Степной Сармат. Зэхьэзэхуэм ар хуигъэхьэзыращ мастер-тренер Алокъуэ Аслъэнджэрий.

*Сурэтхэр* **Толгуров Камалрэ Холлаевэ Любэрэ** *трахащ.*

● Гырэ спорт

## СОБР-м и гупым и зэфІэкІ

**«Динамо» урысейпсо физкультурэ спорт обществэ» жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэмрэ Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КЪБР-м щыІэмрэ ирагъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм хэтащ КЪБР-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэхэм, «Динамо»-м я командэ 16.**

ЗЭХЬэЗЭХУЭМ къыригІуэхэр щыхьэт зэрытехуащ, хабзэхъуэмхэм зэфІэкІ лъагэ къагъэлъэгъуащ: КЪБР-м щыІэ МВД-м и СОБР-м и командэр псом нэхърэ нэхъ лъэщщ, ОМОН-м и гупым етІуанэ уныпІэр кІыхьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МВД-м и УВО-р - ещанэщ.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм я хьэпъагъ елъытауэ щытекІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МВД-м и ОМОН-м и лІыкІуэ Тубэч Арсен, СОБР-м и лэжьакІуэхэу Хьэхъуокъуэ Азрэт, Идрэхым Рустам, Шэрэдж щІыналъэм щыІэ ОВО-м и спортсмен Къэгъэзэж Аслъэн сымэ.

**КЪЭСЕЙ Динарэ.**

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

## Щыуэпсым и лъагъуэ

Мы зэманым ирихьэлІэу ягъэхьэзыращ лъагъуэм и кІыхьагъкІэ трагъэувэну гъэзагуГэльагъэхэр, хъыбарегъащІэ пхъэбгъуэхэр.

КъэувыІэпІэу 3-р тетІысхьэпІэхэмкІэ къызэрагъэпэщыну, турихэхэм абдеж зыщагъэпсэхуэ зэрыщыІэр. Абдежым языхэзым щхьэ зытелъ унэ цІыкІуэхэр щагъэувыну. Іэгъуэблагъэм иІэнщ мафІэ щызэщІагъэнэн планэпэ хэхаи.

Мэз лъагъуэр зэІуэпэщ щІыным мыгувэу иужь ихьэнущ. КъызэгъэпэщакІуэхэм къызэрагъэпэмкІэ, ди зыпІыхьыпІэ щІыпІэхэм щІэуэ къахэхъуэну «Лесная мозайка»-ри щхьэнщхьэ зэи зэрымыхьунур иджыпсту щыщІэдзауэ нэрыльагъущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

## «Гъуэгуанэшхуэм и лъэхъэнэхэр»

**Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту Мэлбахьуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр тхьилъ хъуапІэм и лъахэхуэтэ къудамэм къыщыізэІуахащ КЪБР-м Къэралыгъуэ зэриухуэрэ илъэс 93-рэ зэрырикъум теуХуа выставкэ.**

ЛЪЭПКЪ щІэнгъуаззэм и унэтІныныгъэ псори къызэщІзэныбыда гъэлъэгъуэныгъэм Іупщіу къыхэщащ 20 лІэщыгъуэм и пэщІэдзэ илъэхэм къыщІэгъэжьауэ нобэм кьэс ди республикэм игъуэта зыужьныныгъэмрэ лъэхъэнэ зэмылІэужьныгъуэхэм къыщыхъуа зэхъуэкІныныгъэфІэхэмрэ.

Выставкэм увыпІэ щыхьэхуэ щагъуэтащ колхоз гъащІэм, промышленностым, лъэпкъ зэныбжьзэгъуныгъэм, гуащІэдзкІым, нэгъуащІ куэдми. Абыхъм еплъыну къекІуалІэхэм яфІэмыгъэщІэгъэну къэнэнукъым иужьрей илъэсхэм ди щІыналъэм ича щІэныгъэ лъэбакъуэ купщІафІэхэм ухэзыгъэгъуазэ тхьилъхэри.

«ТхакІуэхэм я зэкъуэтыныгъэ» псалъащхьэм щІэту ягъэхьэзыра плІанэпэхэм щІэдзыкІакІуэхэм къыщагъэтынущ адыгэ, балъкъэр, уряс классикхэми иджырей литературэр ипэкІэ зыгъэкІуатэ тхакІуэхэми я ІэдакъэщІэкІхэр. Абыхъм ящыщщ КІыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Тхьэгъэзит Зубер, Кузьмин Валентин сымэ я тхьигъэ гъуэзэджхэр.

Лъэпкъ театрхэм, къэфакІуэ гуп цІэрыІуэхэм, цІыху ІэпщлъапащІэхэм, суратыщІэхэм ятеуХуа Іыхьэри сыткІи зэпэщу зэхагъэуващ. Абы къыкІэрыхурк'ым дунейпсо утыкум зэфІэкІышхуэ щызыІэтыгъэуа ди спортсменхэм ятеуХуахэри...

Республикэм и тхьилъ хъуапІэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэ пашэ Безыр Ленэ къызэрыджИамкІэ, гъэлъэгъуэныгъэр фокІадэм и кІэ пщІондэ екІуэкІынущ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Гу зылъытапхъэ

## Налшык и хьэщІэхэр

**ФокІадэм и 5-8 махуэхэм Налшык и Киноконцерт гъэлъэтъуапІэм зыкъыщыгъэлъэгъуэнущ Урысей академическэ щІалэгъуалэ театрым (Москва).**

**ФокІадэм и 6-м**

12.00-м - «Незнайка-путешественник» сабий спектаклыр (*Носов Н.*)

14.30-м - театрыр ФІыуэ зыльагъуэхэм джэгу щІыкІэу драгъэкІуэкІ дерсхэр. «Унагъуэм и зыгъэпсэхуэгъуэхэр» зыфІащар артистхэм щахуэзэну зэІуэщІэщ.

**ФокІадэм и 7-м**

12.00 - унагъуэр узэгъусэу узэплъ хъуну «Бесстрашный барин» спектаклыр (*Афанасьев А.*)

**ФокІадэм и 8-м**

19.00 - унагъуэр узэгъусэу узэплъ хъуну «Сотворившая чудо» спектаклыр (*Гибсон У.*)

УпщІэ зиІэхэр мы телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ: 8(8662) 44-22-10.

*Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур фокІадэм и 6-рщ.*

# «Кэнжэр» республикэм щытокІуэ

***«Къэхъун» (Къэхъун) – «Кэнжэ» (Кэнжэ) - 1:2 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ФокІадэм и 2-м. ЦІыху 1000 епльащ.***

**Судьяхэр**: Щэуей Азэмэт, ДыщэкІ Аскэр, Шэкэм Руслан (псори Налшык щыщІщ).

**«Къэхъун»**: Мызэущі Алик, Чэрты Беслъэн, Джатий Алим, Шокъум Азэмэт, ГъэуплъащІэ Анзор, БешкІур Азэмэт (Жамборэ Алибэч, 90+2), Балэ Альберт, КъуэщІысокъуэ Артур, Борий Исльам, Къанкъул Іэдэм, ШащІэ Беслъэн.

**«Кэнжэ»**: Къумыкъу Артур, Шакъ АШэмэз, Шэрий Астемир, Мамбэт Арсен, Егъэн Исльам, Сулеймэн Тимур, Балэ Руслан, Хартыжь Елдар, Хьэгъэбанэ Къантемыр (Бэджыдэ Алим, 90+2), Тэтэр Исмел (Бэджий Бэтрэз, 87), Хьэбылэ Алим.

**Топхэр дагъэкІащ**: Хьэбылэм, 50 (0:1). ШащІэм, 60 - пенальтикІэ (1:1). Тэтэрым, 73 (1:2).

**Дагъуэ къыхуащІащ** Шакъым, КъанкъулыпІм, Сулеймэным, Хьэгъэбанэм, ГъэуплъащІэм.

**Джэгум къыхахуащ** ШащІэмрэ Шокъумымрэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым футболымкІэ и кубокыр къэхьыным теуХуа кІэух зэІуІэр гъэбж кІуам Налшык и «Спартак» стадионым щекІуэкІащ. Финалым щызэхуэзат республикэм и командэ пашэхэу «Кэнжэмрэ» «Къэхъунымрэ». КЪБР-м и чемпионатми абыхэм етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр щаІыгъащ.

Зэи къэмыхъуауэ финалым щыджэгугу Іэмал зыгъуэта къэхъундэсхэм абы нэсыи папщІэ зэкІэлъхьэужьу хагъэхьащ Зеикъуэ и «Шагъдийр (5:4), Бабугент и «ЛогоВАЗ»-р (3:0), Нарткъалэ и «Нартыр» (3:2). «Кэнжэм» къызэринэкІащ Каменномост и «Рассвет»-р (11:2), Налшык и Союз»-р (2:0), Къэрэгъэш и «Велес»-р (3:1), Налшык и «Спартак-Д»-р (4:1).

Гуп лъэрызехьэхэм нэхъапэм щыджэгуа футболист зыбжанэ зыхэт кэнжэдэсхэм зэІуІэр нэхъ жыджэру ящыщІадзащ. АрщхьэкІэ мыгувэу «Къэхъуным» тепщэныгъэр иубыдащ икІи абы и гъуащхьэу нэхъыфІ ШащІэ Беслъэн епщыкІуэнэ дакъикъэм бжыгъэр къызэІуихыным зымащІэщ иІэжар. Мыгувэу «Кэнжэм» абы хуэфэщэн жэуап иритащ икІи Тэтэр Исмел топыр зымащІэкІэ гъуащхьэтетми гъуэми ящхьэпридзащ.

Апхуэдзэурэ джэгум и япэ Іыхьэр иуХащ. ЕтІуанэр «Къэхъуным» и ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэмкІэ къыщІидзащ. 49-нэ дакъикъэм абы и футболистхэм штрафной игъэзэщІа иужькІэ, топыр я хьэрхуэрэгъуэм я штангэм техуащ. Ар къызэрыхуа щыкІэр зэхагъэкІыху Тэтэр Исмел ижьырабгъумкІэ псынщІэу кІуэцІрыкри, топыр кІыхьащ икІи Хьэбылэ Алим щхьэкІэ бжыгъэр къызэІуихащ. Арати, 1:0-у «Кэнжэр» япэ ищащ.

Іуэхур икІэщІыпІэкІэ игъэзэкІуэжьну къэхъундэсхэм зрачащ икІи дакъикъипщІ нэхъ дамыкІыу пенальти еуэну кьалэжьащ: Борий Исльам и ебгъэрыкІуэныгъэр (футбол хабзэм кьемызэгъуэу «Кэнжэм» и гъащхьэхъуэмэм кьызэпиудащ. Метр пщыкІузым и деж щыту ШащІэ Беслъэн бжыгъэр зэхуэдэ ищІащ.

АдэкІи командхэр ерыщу зэпэщІэтащ. АрщхьэкІэ зи насып къыкІар «Кэнжэм» и футболистхэр. Джэгум нэхъ щыжьджэр дыдэ Тэтэр Исмел абыхэм текІуэныгъэр хахуэзэхьа топыр дигъэкІыну хуэфІэкІащ.

ЗэІущІэр иухыным иджыри дакъикъэ тІощІым нэблагъэ къэнат. Бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжьын папщІэ, «Къэхъуным» ар къигъэсэбэпыну хущІэкъуащ. Я гъащхьэтетри яхэту къэхъундэсхэр ебгъэрыкІуэт, ауэ Іуэкум къикІа щІэкІэхъым.

«Кэнжэм» текІуэныгъэр зыІэщІигъэкІакъым икІи КЪБР-м и ФутболымкІэ и кубокыр зыІэригъэхьащ. Ар абыхэм яІэщІилъхьащ КЪБР-м ФутболымкІэ и федерацэм и тхьэмадэ Болэ Хьэсин. Иджы кэнжэдэсхэр хэтынущ футбол джэгуныр зи Іэщ1агъэ щымыт командэхэм Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным теуХуауэ эпэуэгъуэм и 1-5 махуэхэм Іуэзэ кьалэм (Ростов область) щагъэкІуэкІыну щІыналъэ зэпеуэм.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

## ФокІадэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

***Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп***

**Еханэ джэгугъуэ**
**ФокІадэм и 7-м**
*(тхьэмахуэ)*
**«Спартак-Налшык»** - **«Тэрч-2»**
«Анжи-2» - «Динамо ГТС»
«Алания» - «Ротор»
«Ангушт» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Таганрог» - «МИТОС»
***Ебланэ джэгугъуэ***
**ФокІадэм и 13-м**
*(щэбэт)*
**«Ротор»** - **«Спартак-Налшык»**
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Анжи-2»
«Динамо ГТС» - «Алания»
«МИТОС» - «Ангушт»
«Астрахань» - «Таганрог»
**Еянэ джэгугъуэ**
**ФокІадэм и 19-м**
*(мэрем)*
**«Спартак-Налшык»** - **«Динамо ГТС»**
«Анжи-2» - «МИТОС»
«Алания» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Тэрч-2» - «Ротор»
«Ангушт» - «Астрахань»
**Ебгъуанэ джэгугъуэ**
**ФокІадэм и 25-м**
*(махуэку)*
**«Мэшыкъуэ-КМВ»** - **«Спартак-Налшык»**
«Астрахань» - «Анжи-2»
«МИТОС» - «Алания»
«Динамо ГТС» - «Тэрч-2»
«Таганрог» - «Ангушт»

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэ ТІощІрэ ещанэ джэгугъуэ**
**ФокІадэм и 6-м**
*(щэбэт)*
«Кэнжэ» (Кэнжэ) - «Автозапчасть» (Бахьсэн)
«Къэхъун» (Къэхъун) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент)
«Велес» (Къэрэгъэш) - «Шагъдий» (Зеикъуэ)
«Къэбэрдей» (Шэрэдж Ищхьэрэ) - «Іэдииху» (Іэдииху)
**ФокІадэм и 7-м**
*(тхьэмахуэ)*
«Прохладнэ» (Прохладнэ) - «Бахьсэн» (Бахьсэн)
**«Спартак-Д» (Налшык)** - **«Союз»** (Налшык)
«Шэджэм-2» (Шэджэм Етіуанэ) - «Нарт» (Нарткъалэ)
«Анзорей» (Анзорей) - «Бедик» (Арщыдан)
**ФокІадэм и 10-м**
*(бэрэжьей)*
«Прохладнэ» - «Тэрч»
**ТІощІрэ еплІанэ джэгугъуэ**
**ФокІадэм и 13-м**
*(щэбэт)*
«Іэдииху» - «Велес»
«Бедик» - «Бахьсэн»
«Шагъдий» - «Къэхъун»
«ЛогоВАЗ» - «Прохладнэ»
**ФокІадэм и 14-м**
*(тхьэмахуэ)*
«Союз» - «Кэнжэ»
«Бахьсэн» - «Спартак-Д»
«Анзорей» - «Шэджэм-2»
«Нарт» - «Къэбэрдей»
**ФокІадэм и 17-м**
*(бэрэжьей)*
«Тэрч» - «Спартак-Д»
**ТІощІрэ етхуанэ джэгугъуэ**
**ФокІадэм и 20-м**
*(щэбэт)*
«Спартак-Д» - «ЛогоВАЗ»
«Велес» - «Нарт»
«Къэбэрдей» - «Анзорей»
«Автозапчасть» - «Союз»
**ФокІадэм и 21-м**
*(тхьэмахуэ)*
«Кэнжэ» - «Бахьсэн»
«Прохладнэ» - «Шагъдий»
«Къэбэрдей» - «Къэхъун»
«Шэджэм-2» - «Бедик»
**ФокІадэм и 24-м**
*(бэрэжьей)*
«Шагъдий» - «Тэрч»
**ТІощІрэ еханэ джэгугъуэ**
**ФокІадэм и 27-м**
*(щэбэт)*
«Анзорей» - «Велес»
«Іэдииху» - «Прохладнэ»
«Бедик» - «Союз»
«Бахьсэн» - «Автозапчасть»
**ФокІадэм и 28-м**
*(тхьэмахуэ)*
«ЛогоВАЗ» - «Кэнжэ»
«Шагъдий» - «Спартак-Д»
«Шэджэм-2» - «Къэбэрдей»
«Нарт» - «Къэхъун»

● Іуащхьэмахуэ и кубок

# Хуабэмрэ псэущхьэхэмрэ

**Ямылейуэ хуабэу екІуэкІ мы махуэхэр щІыхухэм я мызакъуэу, псэущхьэхэми кьатохьэлъэ. Псом хуэмыдэу ар щынэрыльагъущ Налшык и зоопаркым.**

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщі Іэрэмысэ Аслъэнбий щыгъуазэ дызэриІамкІэ, махуэм тІэунейрэ - шэджагъуэ хуэкІуэмрэ, шэджагъуэ нэужьымрэ - псэущхьэхэр шлангым кьиж псыкІэ ягъэпскІ. «Ар мардэ зыхуэхьуа мыщэкэр занщІэу клеткэм кьыкІэроуэ псыр Іэгъуэблагъэм ирахьауэ щалъагъуэкІэ», - жеІэ Іэрэмысэм. Иджьпсту зоопаркым мыщэшхуэу 7 исщ. Абыхэм ящыщу 2-р гималай лІэужьыгъуэщ, адрей 5-р мыщэ гъэбжэщ. Дакьикъи 10-15-кІэ ягъэпскІа нэужь, псэущхьэхэм езыр-езыру Іуагъэзэкіыж.

ЗэрыфдІэщи, Іэщ1эвыщІэ лІэужьыгъуэхэр хуабэм хъарзынэу полъэщ, зэфэну псым хуумыгъэнэкІыну закъуэмэ. Апхуэдэщ якъэр, махъшэхэр, шыхэр, ламэхэр. Номинхэми псыр я жагъуэу пхужьІэнукъым: гуфІэгъэуэр зэрахьэрэ зэрыгъэкІийуэ псыр зэтрагІэри зэбгрожьж.

ЗыгъэпскІэн нэхъ зи жагъуэр джэду пІэнкъым хуибыдэ псэущхьэхэращи, абыхъм псы зытракІэ щагъуэ щІыкІэкъым. АрщхьэкІэ ирагъэшх лыхэкІхэр щІыІалъэм кьыдаха нэужь, зэрыщагъэт щагъуэу щымыІэу щІыІэтыІэу ирагъэшх. Зоопаркым ис псэущхьэхэр хуабаем зэрыщадхъумэ Іэмалхэм щыщІадзащ ахэр зэрыс пІланэпэхэри щІэх-щІэхьыгъэ зэрагъэщІыІэтыІэри.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

## Щыуэпсым и лъагъуэ

Мы зэманым ирихьэлІэу ягъэхьэзыращ лъагъуэм и кІыхьагъкІэ трагъэувэну гъэзагуГэльагъэхэр, хъыбарегъащІэ пхъэбгъуэхэр.

КъэувыІэпІэу 3-р тетІысхьэпІэхэмкІэ къызэрагъэпэщыну, турихэхэм абдеж зыщагъэпсэхуэ зэрыщыІэр. Абыхъм языхэзым щхьэ зытелъ унэ цІыкІуэхэр щагъэувыну. Іэгъуэблагъэм иІэнщ мафІэ щызэщІагъэнэн планэпэ хэхаи.

Мэз лъагъуэр зэІуэпэщ щІыным мыгувэу иужь ихьэнущ. КъызэгъэпэщакІуэхэм къызэрыльытэмкІэ, ди зыпІыхьыпІэ щІыпІэхэм щІэуэ къахэхъуэну «Лесная мозайка»-ри щхьэнщхьэ зэи зэрымыхьунур иджыпсту щыщІэдзауэ нэрыльагъущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## Гу зылъытапхъэ

**ФокІадэм и 5-8 махуэхэм Налшык и Киноконцерт гъэлъэтъуапІэм зыкъыщыгъэлъэгъуэнущ Урысей академическэ щІалэгъуалэ театрым (Москва).**

**ФокІадэм и 6-м**

12.00-м - «Незнайка-путешественник» сабий спектаклыр (*Носов Н.*)

14.30-м - театрыр ФІыуэ зыльагъуэхэм джэгу щІыкІэу драгъэкІуэкІ дерсхэр. «Унагъуэм и зыгъэпсэхуэгъуэхэр» зыфІащар артистхэм щахуэзэну зэІуэщІэщ.

**ФокІадэм и 7-м**

12.00 - унагъуэр узэгъусэу узэплъ хъуну «Бесстрашный барин» спектаклыр (*Афанасьев А.*)

**ФокІадэм и 8-м**

19.00 - унагъуэр узэгъусэу узэплъ хъуну «Сотворившая чудо» спектаклыр (*Гибсон У.*)

УпщІэ зиІэхэр мы телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ: 8(8662) 44-22-10.

*Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур фокІадэм и 6-рщ.*


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (*редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ*), **ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэ** (*редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ*), **Ширдий Маринэ** (*редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ*), **Гъурыжъ Мадинэ** (*жэуап зыхъ секретарь*), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ1ынэдж Замирэ, Хъэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщІ Изэ.**

**Эзыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).**

**КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр**

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэзмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.**

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм ихъу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.**

**Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныир и пщэ дэлъщ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.**

**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгуэхъуэм и 14-м Печатным и хутныныгъэр хъуэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту яхтащ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.**

**«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33**

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Сонэ, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ** (*3, 4-нэ*)**, ПхытІыкІ Аэмэт** (*1, 2-нэ*)*, корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1738**